



REPIBLIK d'AYITI
DEPATMAN NÒDWÈS

RAPÒ PLAN DEVLOPMAN
KOMIN BÈDEYÈN



Travay sa-a fèt pa : Ayiti Gouvènans

Prezante bay : FAES

©Me 2012

Sa dokiman-an genyen ladan l

Remèsiman	3
Abrevyasyon - Sig	4
Rezime Plan-an	5
Résumé du Plan.....	7
Entwodiksyon.....	9
1. Prezantasyon Metòd la	12
1.1. Preparasyon.....	12
1.2. Analize enfòmasyon pou monte Plan komin nan.....	13
1.3. Twazyèm Etap: Priyorisasyon.....	14
1.4. Dènye Etap: Valide Plan-an.....	14
2. Prezantasyon Komin nan	16
2.1. Kote bèdeyèn ye nan peyi-a.....	16
2.2. Popilasyon Bèdeyèn	17
2.3. Klima.....	18
2.4. Relyèf (monte desann)	19
2.5. Resous nan komin nan.....	20
2.6. Sèvis yo.....	21
3. Pwoblèm devlopman nan komin Bèdeyèn	27
3.1. Sektè ekonomik nan.....	27
3.2. Sektè sosyal la oubyen sèvis	32
3.3. Kòman komin nan òganize epi jere.....	36
3.4. Anviwònman.....	39
4. Vizyon ak direksyon Plan an ta dwe pran	43
4.1. Vizyon	43
4.2. Direksyon enpòtan yo	43
4.3. Objektif prensipal	43
4.4. Objektif sektè yo	44
5. Pwogram Senkan – Plan Envestisman an.....	50
5.1. Pwogram pou senkan (5 lane).....	50
5.2. Kòman fisnansman Plan an ta dwe fèt.....	69
6. Enstitisyon k ap pèmet Plan-an ekzite	71
6.1. Kisa lalwa di sou kesyon ekzekisyon Plan-an?.....	71
6.2. Enstitisyon kap patisipe nan ekzekisyon Plan-an	72
7. Swivi ak Evalyasyon Plan Devlopman-an.....	74
7.1. Enpòtans swivi ak evalyasyon Plan-an	74
7.2. Kad swivi ak evalyasyon Plan-an	74
Konklizyon.....	80
Liv ak Rapò ki te konsilte pou fè Travay la	81
Anèks 1 : Lis Patisipan nan Atelye yo.....	82

Remèsiman

Ayiti Gouvènans (AG) ap pwofite voye yon gwo kout chapo pou popilasyon Bèdeyèn ki te voye reprezantan yo vin patisipe nan anpil rankont pou travay sa rive fèt. San prezans yo dokiman sa pa tap kapab ekri paske se yo ki bay enfòmasyon ki ladan l. AG te sèlman la pou fasilite rankont yo nan plizyè atelye travay ki te fèt. Nou espere dokiman sa pral pèmèt yon bon van soufle (alemye) nan komin nan.

N ap voye yon remèsiman espesyal pou otorite lokal yo ki te ban nou tout apui epi sipò yo nan reyalize travay sa. Nou vle di mèsè ak Eliques Cesaire, premye Majistra nan komin nan, ki te konprann enpòtans travay la epi ki te sipòte ekip Ayiti Gouvènans (AG) lan. Nou pap manke remèsye Ephèse Alcinord, youn nan Majistra an-aprè yo, ki te bay ekip la anpil sipò pou te rive fè travay sa-a. N ap di l mèsè ansanm ak tout fanmi li ki te bay yon pati nan ekip la kote pou yo te dòmi. Yo te pran anpil tan tou pou te patisipe nan rankont yo.

N ap di yon gwo mèsè ak otorite legliz yo ki te mete yo disponib pou te ban nou enfòmasyon yo te genyen pou ekri dokiman sa. Respè byen ba pou Pè Rodolphe pou bon akèy li te ban nou epi toujou rete disponib pou te pataje ak nou tout enfòmasyon li genyen. Nou paka bliye plizyè pastè, non sèlman yo te mete lokal legliz disponib men yo te patisipe nan tout sa ki tap fèt yo epi sa te pèmèt tout rankont yo pase byen. N ap di mèsè ak Pastè Alcindor Petit-Homme ki ap pataje remèsiman an ak tout lòt pastè yo pou nou.

N ap pwofite di mèsè tou ak ekip FAES ki nan biwo Jan-Rabèl ki te bay AG tout sipò nan reyalize travay sa. Konpliman pou tout moun ak enstitisyon ki te kole zepòl pou travay sa rive fèt epi ki ta vle chanje figi Bèdeyèn pou ta gen yon demen miyò pou pitit komin nan.

Pou n fini n ap voye yon felisitasyon pou tout animatè / animatris k ap pote kole nan komin ak otorite lokal yo pou Plan sa kapab ekzekite kòmsadwa.

Ekip Ayiti Gouvènans (AG)

Abrevyasyon - Sig

ACDI :	Agence canadienne de Développement internationale
AG :	Ayiti Gouvènans
ASEK :	Asanble Seksyon kominal
BID :	Banque Interaméricaine de Développement
CDSC :	Conseil de Développement de Section communale
CTC :	Centre Traitement de Choléra
EDH :	Electricité d’Haiti
FAES :	Fonds d’Assistance Economique et Sociale
FIDA :	Fonds Internationale de Développement agricole
FFOM :	Forces – Faiblesses – Opportunités - Menaces
GSB :	Gwoupman Sante Bèt
HACHO :	Haitian American Community Help Organisation
IHSI :	Institut Haitien de Statistique et d’Informatique
KASEK :	Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal
KDK :	Konsèy Devlopman Kominal
KDSK :	Konsèy Devlopman Seksyon Kominal
MARNDR :	Ministè Agrikilti, Resous natirèl ak Devlopman rural
MARP :	Metòd Aktif Rechèch Patisipatif
MENFP :	Ministère de l’Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle
MSPP :	Ministère de la Santé Publique et de la Population
OCB :	Organisation communautaire de base
ONG :	Organisation Non Gouvernementale
PAIP :	Programme d’Appui aux Initiatives Productives en milieu rural
PDK :	Plan Devlopman Kominal
PDSK :	Plan Devlopman Seksyon Kominal
UE :	Union Européenne
UN :	Nations-Unies (United Nations)

Rezime Plan-an

Tout kat (4) seksyon kominal Bèdeyèn yo te deja genyen yon plan devlopman ki ta p ekzekite soti nan lane 2005 pou rive 2011. Plan seksyon yo pat rive ekzekite a san pou san nan senk lane ki sot pase yo. Gen plizyè rezon ki eksplike sa : otorite lokal yo pat fè demach ase pou te chache lajan pou ekzekite plan sa, yo te rete ap tann FAES pou vin bay lajan pou aktivite pwojè kapab fèt, yo pat byen fòme pou fè maketing plan an, elatriye. Kidonk, dokiman an te rete nan tiwa. Men, pat gen yon plan ki te fèt pou komin nan paske patko gen dyagnostik ki te fèt nan bouk Bèdeyèn. Rive fè dyagnostik nan bouk la se yon priyorite pou te kapab akouche plan sa. Anplis, gen 2 nan 4 Plan seksyon yo kite aktyalize ane sa (Rezèv ak Estè Dere), li te enpòtan pou n te gade jounen jodi-a nouvo bezwen popilasyon nan seksyon sa yo bay kòm priyorite poute te rantre yo nan Plan sa. Epi tou, gade fòs ak feblès ki soti nan dyagnostik la, sitou travay ki fèt nan bouk la, pou te kapab ekri dokiman sa.

Se metòd kote tout moun ap patisipe ki te itilize pou fè travay sa. Se plis nan bouk Bèdeyèn ki te gen anpil brase lide pou te ranmase divès kalte enfòmasyon pou te mete nan Plan an paske travay sa te deja fèt 5 lane avan nan seksyon yo. Kidonk, ekip AG-a mete ansanm enfòmasyon enpòtan ki te nan 4 dokiman PDSK yo ; 2 te la deja epi 2 lòt yo ki vin aktyalize ane sa, plis enfòmasyon ki nan dyagnostik la pou bay PDK-a. Pou Doda'n ak Sitèn Remi se dokiman yo ki te itilize pou konplete enfòmasyon yo paske Plan yo patko gen 5 lane lè travay sa t ap fèt. Te gen 2 jou atelye ki te reyalize pou te kapab fè planifikasyon yo ansanm ak plizyè reprezantan popilasyon an apre enfòmasyon ki nan dokiman dyagnostik la te fin pare.

Nouvo plan sa pase pran tout pwoblèm ak tout fòs komin Bèdeyèn genyen pou kapab jwenn solisyon k ap dire lontan. Nan tout sektè yo, li gade pwoblèm yo, kòz ak konsekans pwoblèm sa yo epi pwopoze solisyon. Nan sektè ekonomi an, li gade sa k dwe fèt nan divès kalte pwodiksyon (agrikòl, pèch, elvaj, atizana, sèl, elatriye) ak nan kesyon touris. Malgre komin nan pa gen anpil lapli oubyen dlo pou wouze tè, gen plis pase 70 pousan moun ki fè agrikilti. Kidonk, gen anpil posiblite pou devlope agrikilti sitou nan seksyon kominal yo. Lapèch tou se youn nan aktivite ekonomik ki ta dwe pèmèt komin nan vanse pou pi devan paske komin nan genyen yon bon pati ladan l ki bò lanmè epi deja gen anpil moun ak anpil eksperyans ki itilize lanmè a pou fè pèch ak komès (transpò). Elvaj kabrit se youn nan pwodiksyon ki gen anpil enpòtans nan zòn nan. Li mache byen nan zòn sèk yo kote kabrit yo fè bayawonn pran anpil valè, bayawonn se yon plant ki byen vini nan zòn arid yo.

Rezilta dyagnostik montre popilasyon pa jwenn bon sèvis nan okenn sektè. Nan sans sa, plan an bay anpil enpòtans pou amelyore kondisyon moun yo ap viv nan komin nan. Gen planifikasyon ki fèt nan sektè sosyal tankou nan zafè sante, edikasyon, transpò, lwazi, espò, elatriye. Nan sektè sa yo, se preske tout bagay ki merite fèt paske sèvis yo pa vin jwenn popilasyon an. Malgre nan edikasyon gen 62 lekòl, pifò nan yo pa rive bay timoun yo yon bon pen lenstriksyon. Nan lekòl sa yo, gen sèlman 2 lekòl segondè ak yon lise. Pou zafè lekòl pwofesyonèl pa gen sa ditou nan komin nan. Sitiyasyon an pa pi bon pou sektè sante a kote gen yon sant sante ak 3 kabann epi 4

dispansè. Pou lòt enfrastrikti tankou wout, kouran, elatriye yo preske pa ekziste. Se poutèt sa, plan an pwopoze pou ta gen jefò ki fèt sou sektè sosyal yo apre baz ekonomik yo fin byen chita nan komin nan.

Nan sa k gen pou wè ak jan komin nan ap dirije, gen solisyon ki pwopoze nan refleksyon ki te fèt yo. Apa konsèy Minisipal la, KASEK ak ASEK ki lage pou kont yo, leta pa prezan ditou. Pa gen ni biwo leta ki konstui ni moun ki la pou bay sèvis ki pi piti popilasyon an ta bezwen tankou lapolis, lajistis, eta sivil, elatriye. Pou senk lane k ap vini yo, Plan sa prevwa pou gen mwayen ki mete anplas pou komin nan ka byen dirije gras ak prezans biwo leta yo sitou lajistis ki pa la ditou.

Pou fini, plan an gade kijan pwoblèm anviwonman an poze epi pwopoze kijan pou yo rezoud yo nan fè sansibilizasyon pou konbat move pratik k ap kraze anviwonman an ak mennen aksyon k ap remete eskanp figi anviwonman an kanpe. Konsa, gen pwopozisyon ki fèt pou fè travay konsèvasyon tè, fè sansibilizasyon ak mete pepinyè pou rebwaze seksyon kominal yo.

Antou, plan genyen ladan l 12 pwogram ki soti nan kat (4) gran sektè aktivite ki se ekonomi, sèvis sosyal, gouvènans lokal ak anviwonman. Apre sa, gen 50 lide pwojè ki soti nan pwogram yo, pafwa pwojè sa yo konn sou plizyè seksyon ak nan bouk la, popilasyon te rive idantifye ki ta dwe pèmèt Bèdeyèn vanse pou pi devan nan 5 lane k ap vin yo.

Kantite lajan plan sa ap koute monte kat san karant milyon de san trant sis mil sanven senk (440 236 125) goud antou. Dis (10) pousan nan lajan sa, se moun nan komin k ap bay li kòm patisipasyon kominotè. Li kapab bay sou fòm materyo ki nan zòn nan ak pote fòs kouraj yo alòske rès la dwe soti deyò. Se poutèt sa, aktè ki responsab chache lajan pou ekzekite plan an dwe jwe wòl yo byen bò kote tout enstitisyon ki konn bay lajan pou aktivite devlopman. Se yon gwo responsablite pou otorite lokal yo tankou majistra yo ak manb KASEK yo ki gen pou ekzekite plan an. Lalwa deja prevwa wòl kèk nan aktè sa yo dwe jwe nan ekzekisyon ak sipèvizyon aktivite k ap mennen nan komin nan. Konsa, li enpòtan pou responsab kolektivite teritoryal (Meri, Asanble kominal, KASEK, ASEK) travay nan tèt kole ak otorite santral yo ki dwe pote apui teknik ba yo pou yo rive chache lajan, mete kanpe ekip teknik epi fè ekzekisyon tout aksyon ki nan plan sa.

Plan an prevwa tou kijan swivi ak evalyasyon aktivite yo ki ladan l lan dwe fèt. Poutèt sa, gen netòd ki bay sou kijan pou mezire avanse k ap fèt yo, tout tan plan an ap ekzekite pou kapab gade si objektif ki defini tounen reyalyte tout bon vre. Se Asanble seksyon kominal yo ak Konsèy Kominal la k ap genyen pou jwe wòl sa ak konkou teknik lòt sèvis leta yo oubyen òganizasyon ki gen kapasite pou sa k ap travay nan komin nan.

Résumé du Plan

Un plan de développement quinquennal a été conçu et mis en œuvre au cours de la période 2005 à 2011 pour chacune des quatre (4) sections de la commune de Baie-de-Henne. Ces plans n'ont été que partiellement exécutés; plusieurs raisons expliquent cette situation dont l'inaction des élus locaux dans la recherche de fonds auprès de bailleurs pour le financement desdits plans et la mauvaise compréhension de leurs rôles par rapport à l'appui du FAES. Toutefois, le plan communal n'avait jamais vu le jour en raison du manque d'informations sur le bourg qui doit être inclus dans ce document. Donc, la réalisation du diagnostic au niveau du bourg est d'un grand intérêt pour l'aboutissement du plan communal. De plus, deux (2) des quatre (4) plans de développement des sections Réserve et Estère Dère ont été actualisés cette année, il était important d'inclure dans le plan communal les nouvelles priorités de ces sections. Il était également question d'analyser les forces et les faiblesses retenues dans le diagnostic, surtout les informations collectées au niveau du bourg, pour finaliser le processus de planification.

Les méthodes d'animation participatives découlant du MARP ont été utilisées dans le processus de planification. Les ateliers participatifs ont été beaucoup plus tenus au niveau du bourg et dans les deux sections susmentionnées pour trouver un consensus de mise en commun des différentes actions planifiées. En ce qui concerne les sections Dos d'Âne et Citerne Rémy, les plans ont été utilisés pour compléter le travail car, la mise en œuvre de ces plans n'atteignait pas encore le délai imparti. Un atelier de travail de deux (2) jours a été organisé avec les différents acteurs au niveau du bourg et des sections Réserve et Estère Dère pour finaliser le processus de planification.

Ce nouveau plan présente une analyse des forces et des faiblesses de la commune et propose des solutions durables. Dans différents domaines, il identifie les contraintes, les causes, les conséquences et les solutions qui pourront être apportées. Dans le secteur économique, il identifie les contraintes liées aux différents types de production de la commune : agriculture, élevage, pêche, artisanat, extraction de sel, etc. et propose des pistes d'intervention pouvant permettre d'améliorer les revenus des ménages. Malgré une faible pluviométrie et la disponibilité inadéquate des eaux de surface, l'agriculture occupe plus de 70% de la population active. En ce sens, il y a de forte possibilité d'augmenter la production agricole surtout au niveau des sections. La pêche est également une filière porteuse qui pourra être développée en raison du savoir-faire d'une bonne frange expérimentée de la population et d'une vingtaine de kilomètres de côtes. L'élevage caprin est considéré comme une des principales productions de la commune. Il valorise les zones sèches et arides caractérisées par une végétation dominée par le bayahonde.

Les résultats du diagnostic communal montrent que le niveau de services, quel que soit le secteur considéré, est très faible ou inexistant. En ce sens, le plan met beaucoup d'emphasis sur des interventions qui pourraient améliorer les conditions de vie de la population. Des interventions sont programmées dans le domaine social : santé, éducation, transport, loisir, etc. Il existe un nombre d'établissements scolaires assez important dans la commune (62); toutefois, le système est caractérisé par l'inadéquation de l'offre et le faible niveau de la qualité de l'enseignement. Seulement trois (3) de ces écoles détiennent le niveau du 3^e cycle du fondamental. Aucune école

professionnelle ne fonctionne à l'échelle de la commune. La situation n'est pas différente dans le secteur de santé. Il y a un (1) centre de santé avec trois (3) lits et quatre (4) dispensaires. Les autres infrastructures comme les routes sont en piètre état et l'électricité est inexistante. Dans ce sens, le plan envisage d'entreprendre des actions dans le domaine social, une fois des avancées sont entamées dans le domaine économique.

En ce qui concerne la gouvernance locale, des interventions sont proposées en adéquation avec les besoins les plus prioritaires. Hormis le Conseil Municipal, les CASEC et les ASEC, les autres branches de l'appareil d'État sont absentes : pas de bureaux publics pour offrir un minimum de services comme tribunal de paix, la police, état civil, etc. Au cours du prochain quinquennat, le plan fait des provisions pour la construction de bureaux publics surtout pour le système judiciaire qui est quasiment inopérant.

En dernier lieu, les problèmes liés à l'environnement physique sont abordés et un programme de sensibilisation est proposé pour diminuer les effets négatifs sur l'environnement causés par de mauvaises pratiques. Des interventions de correction de ravines, de production et de mise en terre de plantules fruitières et forestières sont envisagées.

Le plan contient un ensemble de 12 programmes issus de quatre (4) grands domaines, à savoir : économie, services sociaux, gouvernance local et environnement. Un total de 50 idées de projet a été tiré des 4 programmes; le plus souvent, ces idées de projet sont planifiées sur plusieurs sections à la fois et sur la ville de Baie-de-Henne. Elles sont toutes été priorisées par la population pour les cinq (5) prochaines années. Le plan nécessite la somme de Quatre Cent Quarante Millions Deux Cent Trente Six Mille Cent Vingt Cinq (440 236 125) gourdes pour sa mise en œuvre. Dix pour cent (10%) de ce montant seront apportés par les différentes communautés bénéficiaires sous forme de main d'œuvre et/ou de matériaux locaux alors que la différence doit être provenir de l'extérieur. Donc, il est impératif que les autorités locales chargées légalement de la mise en œuvre de ce plan se mettent au travail afin d'obtenir des fonds pour son exécution.

Pour assurer le suivi et l'évaluation dudit plan, il est prévu un certain nombre d'indicateurs et de moyens de vérification. Ainsi, avec l'appui technique des services déconcentrés de l'État et d'autres institutions intervenant dans la commune, le Conseil communal et l'Assemblée de section sont appelés à jouer un rôle important dans le suivi et l'évaluation du plan.

Entwodiksyon

Mete kanpe yon Plan developman anplas pou komin Bèdeyèn se yon lide ki nan manman Lwa peyi-a (Konstitisyon 1987 la ki amande nan lane 2012 la) ki bay komin yo dwa grandèt majè yo epi bay jarèt ak desantalizasyon an. Men Eli lokal yo pa gen mwayen lajan ak moun vre pou fè yon travay konsa. Se konsa FIDA/FAES nan pwogram PAIP la deside bay yon bourad ak dirijan komin nan epi pèmèt òganizasyon k ap travay ladan l gen yon dokiman k ap gide yo nan pwojè yo ta dwe reyalize pou mete li tout bon vre sou chimen developman. Pwogram PAIP la te mete sou pye depi lane 2002 epi l ap fini nan lane 2014. Objektif prensipal Pwogram sa-a se rive frennen mizè nan zòn andeyò yo. Pou sa fèt tout bon vre nan Komin Bèdeyèn fòk yon ansanm aktivite developman rive reyalize andedan komin nan. Dirijan yo sitou ak tout lòt gwoup oswa fòs òganize nan komin nan dwe gen kapasite pou yo asire wòl yo kòm sadwa jan manman lwa peyi (konstitisyon 1987 ki amande a) mande sa. Epi gen dekrè lwa 2006 ki bay plis presizyon sou zafè desantralizasyon ak sou wòl epi responsabilite eli lokal yo.

Plan developman sa a rive reyalize gras ak tèt kole popilasyon an k ap viv andedan bouk Bèdeyèn ansanm ak sa ki nan kat seksyon kominal ki chita andedan komin nan. Ayiti Gouvènans (AG) ki se OPS jewografik Nòdwès pou FAES te fasilite travay la fèt epi FIDA/FAES ki te bay lajan pou pèmèt aktivite yo reyalize. Se nan mwa oktòk 2011, nan plizyè kote nan bouk la brase lide yo te fèt epi nan seksyon Rezèv ak Estè Dere tou paske reprezantan seksyon sa yo te mobilize nan peryòd sa pou te aktyalize plan developman seksyon yo. Nan moman sa, anpil moun, fanm tankou gason, jèn tankou granmoun, moun afè bon tankou malere, ki soti nan tout rakwen nan komin nan te mobilize epi patisipe nan brase lide ki te fèt yo. Brase lide yo te fèt sou bilan ansyen plan, sa vle di sa k te planifye pou te fèt, sa ki te rive fèt tout bon vre epi gade sa k toujou rete priyorite pou popilasyon an pou mete yo nan plan tounèf la. Analiz anpil pwoblèm te fèt ansanm ak popilasyon sou plizyè sektè epi gade kòz yo, konsekans yo sou moun k ap viv andedan komin nan epi pwopoze solisyon pou rezoud yo.

Plan tounèf sa, genyen ladan li 7 chapit ki prezante konsa :

- Premye chapit la fè yon rale toukout sou komin Bèdeyèn, li bay yon ti rezime sou kote li ye nan depatman Nòdwès la, li bay kèk done sou popilasyon an, klima, elatriye;
- Dezyèm chapit la bay detay sou metòd ki te itilize pou te rive mete kanpe Plan tou nèf sa;
- Twazyèm lan analize pwoblèm popilasyon an ap fè fas chak jou epi pwopoze solisyon pou yo, gade kisa ki planifye nan ansyen Plan an, kisa ki te rive fèt tout bon vre ak kisa ki planifye pou fèt nan Plan tounèf la;
- Katriyèm lan chita sou vizyon, objektif plan an ak aktivite ki ta dwe reyalize pou objektif ak vizyon sa yo ka vin reyelite tout bon vre;
- Senkyèm lan prezante andetay pwogram ak lajan ki ta dwe jwenn pou reyalize sou senk lane pwojè ki andedan pwogram yo;

- Sizyèm chapit la fè yon rale sou estrikti ki gen responsabilite pou pèmèt plan an byen ekzekite kòmsadwa nan chak seksyon kominal andedan komin nan;
- Setyèm lan prezante yon zouti kontwòl k ap pèmèt yo suiv ak evalye tout sa kap fèt nan Plan an pandan 5 lane kap vini yo.

Chapit 1 :
Metòd ki itilize pou reyalize
Plan Developman Komin Bèdeyèn

1. Prezantasyon Metòd la

Metòd ki te sèvi nan reyalize Plan Devlopman Komin Bèdeyèn lan soti nan yon dokiman FAES te fè soti sou planifikasyon patisipatif nan lane 2008. Apresa, gen reyinyon ki te fèt epi rapò ki te soti pou eksplike plis an detay metòd ki dwe itilize pou ranmase enfòmasyon yo nan tout rakwen andedan bouk la. Brase lide yo te plis fèt nan bouk la ak nan seksyon kominal Rezèv ak Estè Dere ki te nan pwosesis pou te aktyalize Plan yo ki te la depi lane 2005. Pou seksyon Doda'n ak Sitèn Remi se dokiman Plan yo te plis itilize pou te pran enfòmasyon pou konplete Plan komin nan. Pou eksplike metòd la pi byen, gen 4 etap prensipal n ap detaye piba-a nan dokiman-an, ki se : preparasyon ki te fèt avan travay planifikasyon an te kòmanse ; ranmase epi mete ansanm enfòmasyon ki soti nan 3 blòk ki te fòme yo ; fè priyòrizasyon yo epi ekri dokiman an ; valide dokiman-an ak reprezantan popilasyon an epi pote yon dènye koreksyon.

1.1.Preparasyon

Preparasyon-an se yon premye etap kote anpil aktivite te reyalize avan atelye yo te fèt ak reprezantan popilasyon an. Genyen anpil rankont ki fèt ak Eli lokal pou fè planifye atelye pou n te asire tout aktè yo ap la, fanm tankou gason. Yon lòt bò Ayiti Gouvènans (AG) te kenbe menm ekip ki te patisipe nan reyalize dyagnostik la pou te akonpaye popilasyon Bèdeyèn nan fè chwa sa li panse ki pi priyòritè pou li. Chak ekip yo te gen 4 moun nan yo; moun sa yo gen konesans nan divès kalte domèn tankou te gen agwonòm, doktè, jesyonè, avoka, elatriye. Chak ekip te genyen yon animatè /tris ki se moun komin nan. Avan travay la te kòmanse sou teren te gen 2 jounen fòmasyon ki te fèt nan biwo Ayiti Gouvènans pou fòme ekip la sou divès kalte teknik ki te gen pou itilize pou te pèmèt moun patisipe epi ranmase bon jan enfòmasyon. Rankont sa yo te pèmèt tout moun t ap mache sou menm pye. Lis moun ki te patisipe nan ekip yo prezante nan tablo piba-a:

Tablo 1.1 : Moun ki te fòme ekip yo pou ranmase enfòmasyon yo

Anwo Bouk (Ekip # 1)	Nan mitan bouk la (Ekip # 2)	Nan zòn Sid Bouk la (Ekip # 3)
Anslot Janvier, Agwonòm	Etzer Beaura, Agwonòm	Peterson Délicieux, Agwonòm
Jhonson Beaubrun, Avoka	Michel Philemon, Agwonòm	Belonia Charleus, Enfimyè
Marc Maso, Doktè	Isoinise Alusmel, Animatris	Roseline Paul, Animatris
Florida Joseph, Animatris	Genel Louis Charles, Animatè	Joana F. Compère, Animatris

Yon lòt bò, se nan etap sa-a tou, ekip AG-a t ap chache wè kibò pou li jwenn dokiman tankou liv, rapò, kat ki te deja ekri sou komin nan ak seksyon kominal yo. Gen 4 plan seksyon ki te rasanble plis 2 nan yo ki te vin aktyalize epi dyagnostik kominal la. Se dokiman sa yo ki te pèmèt ekip yo rasanble enfòmasyon ansanm ak aktè lokal pou te demare brase lide yo sou planifikasyon. Reprezantan FAES nan depatman-an te ède ekip la jwenn tout ansyen dokiman dyagnostik ak ansyen PDSK yo.

Pou te pèmèt travay la pi byen reyalize epi evite anyen pa bliye, gen yon gid ki te prepare pou te ède fasilite/animatris yo swiv dewoulman atelye yo pwen pa pwen epi san okenn sektè pa neglije. Gid sa te pèmèt atelye yo dewoule san tèt chaje.

1.2. Analize enfòmasyon pou monte Plan komin nan

Li ta bon pou fè sonje dyagnostik la se yon etap ki fèt avan pou pwosesis planifikasyon an kòmanse. Kidonk, aktivite pou ranmase enfòmasyon pou monte plan an kòmanse depi nan dyagnostik la. Apre dyagnostik la te fin fèt, te gen tout enfòmasyon ki te la pou te kapab fè pwogramasyon an. Se te yon travay ki pat fasil ditou paske te gen anpil enfòmasyon ki te pou mete ansanm. Travay sa te fèt nan bouk Bèdeyèn ak 53 patisipan, te gen 12 fanm nan yo. Patisipan sa yo te soti nan tout seksyon yo, se te sitou moun ki manb Konsèy Devlopman Kominal la (KDK). Atelye sa ki te fèt pandan 2 jounen te pèmèt tout divès reprezantan yo mete ansanm sa yo panse ki se priyorite pou komin nan.

- Premye jounen-an se te yon atelye pou tout patisipan te mete yo dakò sou sa ki enfòmasyon ki kenbe pou komin nan. Brase lide yo ki te chita sou tout enfòmasyon ki te ranmase nan dyagnostik la, sa vle di tout sa ki te priyorite pou moun yo. Apre sa, gen enfòmasyon sou sa ki te planifye nan 4 dokiman plan seksyon yo (2 ki aktyalize ak 2 ansyen). Dyagnostik la te genyen tout enfòmasyon komin nan, sa vle di se ladan l ki te gen done pou te kapab fè planifikasyon pou bouk la. Fasilite/animatris te gen yon ti rezime nan chak dokiman sa yo epi te gen lekti pwen pa pwen sou tout sa ki te pwograme yo epi diskisyon te fèt sou yo pou te konnen kisa ki dwe kenbe epi kisa yo ta dwe retire.
- Dezyèm jounen yo se te yon atelye pou te ranje yon dènye fwa epi mete nan lòd divès kalte enfòmasyon ki dwe fè Plan-an. Te gen ti gwoup ki te fòme pou te fè refleksyon sa yo. Gwoup yo te fòme selon kote reprezantan te soti-a, sa vle di tout moun nan premye seksyon te ansanm. Objektif ti gwoup sa yo se te pou fè yon dènye brase lide sou sa ki te kenbe pou zòn pa yo epi pote kèk chanjman, si yo te jije sa nesèsè. Apresa, tout travay la te mete ansanm pou te konnen ki lòd priyorite yo ki ta dwe respekte nan plan an. Pou sa te kapab fèt byen, gen vòt ki te oblije fèt nan anpil pwen kote ki te gen anpil diskisyon.

Tankou sa te di pi wo, gen ti gwoup ki te travay sou priyorite yo. Imaj piba-a montre yon gwoup nan bouk Bèdeyèn ki ap reflechi sou lòd priyorite yo kenbe yo ta dwe ye nan dokiman an.



Imaj 1: Atelye nan Bouk Bèdeyèn kote yon gwoup patisipan ap brase lide sou priyorite yo (AG, 2011)

Anplis, te gen yon zouti yo rele FFOM ki te itilize tou. Li te pèmèt jwenn enfòmasyon pou te konprann fòs, feblès, opòtinite ak menas plizyè sektè. Pandan travay atelye yo tap fèt, gen enfòmasyon ki tap ranmase nan lekòl ak dispansè yo epi te gen yon mache ki te fèt nan sans Lès-Wès (transèk) komin nan pou te rive pi byen konprann diferan detay andedan komin nan.

1.3. Twazyèm Etap: Priyorisasyon

Après ekip AG-a te fin fè atelye pou mete enfòmasyon yo ansanm, yo te rantre nan biwo pou te kòmanse trete yo, analize epi byen ranje enfòmasyon yo nan tablo oubyen nan teks pou prepare dokiman-an. Ekip la te retounen apre sa nan Bouk Bèdeyèn pou anime yon lòt atelye ki pèmèt aktè lokal yo diskite sou pwoblèm ak solisyon yo dekwa pou klase yo nan lòd (priorize yo), sa vle di jan moun yo vle yo ranje yo epi prepare yon kalandrye ki gen lide pwojè yo. Gen enfòmasyon tou ki bay sou pwojè priyorite ki pwograme pou fèt ak kantite lajan ki prevwa pou yo pandan 5 kan-an. Pou premye ane-a, genyen yon tablo ki prepare epi ki bay kalandrye pa trimès (3 mwa). Apre travay sa te fin fèt, ekip AG-a te gen tout Plan nan men, se sèlman li te rete pou byen ranje dokiman an.

1.4. Dènye Etap: Valide Plan-an

Etap pou valide Plan-an vle di apre dokiman sa-a te fin ekri, ekip AG-a te retounen nan bouk la pou prezante li bay popilasyon-an pou yo te apwouve l oubyen pote kèk koreksyon yo te panse ki nesèsè. Te genyen yon atelye pandan yon jounen ki te fèt nan bouk la pou fè prezantasyon sa. Atelye sa-a te bay posibilite ak manb KDK yo, OCB /OKB ak lòt reprezantan òganizasyon ka p travay nan komin nan pou tandè epi byen konprann tout sa ki pwograme nan Plan-an. Se te yon dènye okasyon pou patisipan yo te fè kòmantè sou sa ki ta dwe chanje. Ekip AG-a te pran nòt sou tout sa ki te di yo pou pote kèk koreksyon nan dokiman final la. Apre sa, patisipan yo siyen yon pwosè vèbal ki montre tout bon vre yo te bay akò yo sou tout sa ki di nan plan an.


Pati 2 :
Prezantasyon Komin Bèdeyèn

2. Prezantasyon Komin nan

2.1. Kote bèdeyèn ye nan peyi-a

Bèdeyèn se youn nan 10 komin depatman Nòdwès la. Li twouve l nan awondisman Mòl-Sen-Nikola ki gen 4 komin. Li plase nan Sidwès depatman Nòdwès apeprè 58 kilomèt Nòdwès Vil Gonaiv epi 155 kilomèt ak kapital peyi-a ki se Pòtoprens. Pou plis presizyon, li trouve l nan pwent jewografik ant 19°40' latitud Nò ak 73°12' lonjitid Wès. Li gen yon altitud an mwayèn ki varye ant 20-97 mè, sa vle di wotè komin nan parapò ak nivo lanmè-a

Komin Bèdeyèn ye-a, li agoch Pòdepè ki se prensipal vil nan depatman-an ; li pi fasil pou moun nan komin fè ale vini Gonayiv pase pou yo ale Pòdepè paske wout yo pa bon. Menmsi wout Gonayiv la pa bon tou, men yo kapab ale nenpòt lè nan tan lapli. Komin nan limite nan Nò ak komin Jan-Rabèl, nan Sid ak lanmè karayib la, nan Lès ak komin Jan-Rabèl epi lanmè karayib la epi nan Lwès ak komin Mòl-Sen-Nikola epi Bonbadopolis. Premye imaj piba-a montre kibò depatman Nòdwès ye nan kat peyi dAyiti epi lòt imaj montre kibò Bèdeyèn ye nan depatman-an.



Imaj 2: Kote depatman Nòdwès ye nan Repiblik dAyiti



Imaj 3 : Kote komin Bèdeyèn lan ye nan depatman an

Tankou sa montre nan dezyèm imaj la, Bèdeyèn twouve l nan Sidwès depatman Nòdwès la. Li gen yon sipèfisi 203.72 kilomèt kare oubyen 20 372 ekta tè. Menmsi komin nan gen anpil mòn, men relyèf la (monte desann yo) se plis plenn yo ye.

Komin nan divize an kat (4) seksyon kominal : Sitèn Remi (1e seksyon), Doda'n (2e seksyon), Rezè (3e seksyon) ak Estè Dere (4e seksyon). Jan yo separe komin nan, Bouk Bèdeyèn lan vin tonbe nan Estè Dere. Tablo piba-a bay enfòmasyon sou kijan abitasyon ak lokalite yo regwoupe andedan seksyon yo.

Tablo 2.1 : Regwoupman abitasyon ak lokalite andedan seksyon yo

Seksyon kominal	Abitasyon	Localite
1 ^e seksyon : Sitèn Remi	3	17
2 ^e seksyon : Doda'n	3	21
3 ^e seksyon : Rezè	4	18
4 ^e seksyon : Estè Dere	3	7
Komin nan	16	63

Kote done yo soti : IHESI, 2009.

Jan dekoupaj la fèt la, bouk Bèdeyèn vin retwouve l andedan 4^e seksyon-an (Estè Dere). Imaj piba-a montre ki kote 4 seksyon yo twouve yo andedan komin.



Imaj 4 : Imaj sa-a montre kijan seksyon yo plase andedan komin Bèdeyèn

2.2. Popilasyon Bèdeyèn

Dapre estimasyon IHSI nan lane 2009, popilasyon Bèdeyèn gen 12.735 gason (51%) ak 12.077 fanm (49%). Gen plis gason pase fanm k ap viv nan komin nan, men diferans lan pa anpil. Pa gen anpil moun ki kite komin nan se youn nan eksplikasyon ki fè gen plis gason pase fanm, sitou lè nou konnen se gason ki konn deplase pi plis pou ale lòt kote. Kantite moun nan komin ki gen laj plis pase 18 tan se apeprè 49% popilasyon an sa vle di popilasyon komin nan jèn pase gen plis moun ki geyen mwens ke 18 tan. Lè nou gade tou jan popilasyon regwoupe andedan komin nan, seksyon Rezèv se li ki pi enpòtan ak 59% popilasyon an, apre se Doda'n ak 17,1%, Estè Dere gen 9,5%, Bouk Bèdeyèn lan gen 8,8% epi Sitèn Remi gen 5,6%. Kalite tè pou fè jaden ki pa mal nan Rezèv ak Dodán epi wout (Answouj-Mawouj) ki travèse 2 seksyon sa yo se 2 nan kòz ki fè popilasyon rete plis nan zòn sa-yo.

Preske tout moun nan komin Bèdeyèn ap viv nan seksyon kominal yo (andeyò), se sèlman 12% nan popilasyon ki rete nan Bouk la (lavi). Men espas kote moun yo ap viv nan Bouk la piti anpil, se sèlman 0.4% tè ki genyen nan komin nan. Sa vin fè tou, dansite popilasyon¹ nan Bouk la vin wo anpil. Li reprezante 2 990 moun k ap viv nan yon kilomèt kare tandiske li sèlman 122 pou komin nan. Tablo pi ba-a bay detay sou jan popilasyon regwoupe l andedan komin nan.

¹ **Dansite popilasyon an** : se kantite moun k ap viv nan yon kantite tè (espas) nan yon kilomèt kare tè. Anpil fwa, dansite-a toujou wo nan vil yo paske gen anpil moun ki rete youn sou lòt. Kidonk, dansite a ap piti tout-o-tan kantite tè ki genyen an plis. Se sitiyasyon sa ki nan Bèdeyèn gen yon dansite pi piti pase lòt komin nan Nòdwès la.

Tablo 2.2 : Popilasyon Bèdeyèn pa seksyon kominal selon seks ak zòn kote moun yo rete

Seksyon kominal	Seks		Total	Zòn moun yo rete		Sipèfisi (km ²)	Dansite
	G	F		Lavil	Andeyò		
1 ^e Seksyon–Sitèn Remi	761	617	1.378	-	1.378	53,57	26
2 ^e Seksyon–Doda’n	2.151	2.096	4.247	-	4.247	42,77	99
3 ^e Seksyon–Rezèy	7.448	7.201	14.649	-	14.649	35,57	412
4 ^e Seksyon–Estè Dere	1.277	1.078	2.355	-	2.355	71,08	33
Bouk Bèdeyèn	1.098	1.085	2.183	2.183	-	0,73	2.990
Antou (komin Bèdeyèn)	12.735	12.077	24.812	2.183	22.629	203,72	122

Kote done sa yo soti : IHSI, 2009.

2.3. Klima

Komin nan gen 2 sezon lapli, pi gwo sezon lapli a se nan mwa dawout, septanm ak oktòb epi lòt la, pi piti, se nan mwa mas, avril ak me. Men, gen diferans nan seksyon yo, gen plis resanblans ant Rezèy ak Doda’n, 2 seksyon ki pa bò lanmè yo. Seksyon sa yo resevwa plis lapli epi yo toujou pi fre tou pase Sitèn Remi ak Estè Dere ki se 2 seksyon ki bò lanmè. Kidonk, kantite lapli a ki tonbe nan komin varye tou depan nan wotè ou ye nan seksyon an. Kapab gen 3 ka ki prezante andedan komin nan, n ap prezante konsa:

- Nan zòn ki nan mòn yo tankou nan platon Rezèy ak Doda’n oubyen sou Platon Lestè nan Estè Dere, kote ki gen yon wotè ant 800 ak 900 mètr piwo nivo lanmè-a, genyen 1 000 ak 1 200 milimèt lapli ki tonbe pandan yon lane.
- Nan zòn ki anba mòn yo tankou nan Mapou, Dipre, elatriye gen yon mwayèn 800 milimèt lapli ki tonbe chak ane. Tankou zòn Lasous (Estè Dere), Misyon Batis la (CAM) mezire lapli ki tonbe yo, li jwenn apeprè 800 milimèt pou lane.
- Nan zòn plenn sèch yo tankou depi Answouj pou rive nan bouk Bèdeyèn, elatriye genyen apeprè 650 milimèt lapli ki tonbe chak ane.

Antou komin lam gen yon mwayèn 800 milimèt lapli ki tonbe chak ane. Men, kantite dlo ki soti nan tè ki pèdi nan lè se apeprè 1 200 milimèt; sa vle di gen defisi dlo 400 milimèt lapli ki fèt chak ane. Lòt pwèn sou kesyon klima-a, lapli yo pa tonbe chak ane nan menm lè-a tankou sa te konn fèt lontan. Sitiyasyon sa gen gwo konsekans sou pwodiksyon agrikòl nan komin nan. Tout tan ou pi lwen bouk Bèdeyèn pou ale nan zòn ki pi lwen lanmè a, sa vle di nan zòn mòn pou ale Doda’n oubyen Rezèy, ou jwenn yon van ki pi imid, sa vle di lè-a gen plis dlo ladan l, li pi frèt. Lapli ki te konn tonbe nan mwa dawout yo pa vini souvan ankò, sa fèt pwodiksyon yo vin bese.

• Van


Van souffle preske nan mwayèn ane-a, yo kòmanse an oktòb pou fini jiska mwa avril. Sitou nan zòn ki ba yo, gen van yo rele alize ak nòde yo ki souffle anpil sou komin nan. Lè van alize vini ou pèdi nan imidite yo te genyen nan zòn ba yo epi yo vin vante ak plis fòs sa vle di vitès yo vin pi plis. Kòm komin nan gen yon plenn sèch ki anpil sa fè gen anpil van k ap souffle nan komin nan.

- **Tanperati**

Menm jan pou lapli, pa gen anpil done ki ekziste sou tanperati pou tout komin nan. Gen Misyon Baptis CAM ki mezire tanperati nan zòn Lasous (Estè Dere), li jwenn tanperati varye ant 20-35 degre santigrad. Nan mwa jiyè-dawout li fè cho anpil, lè sa tanperati monte jiska 35 degre, tandiske li fè fre nan peryòd desann ak fevriye, lè sa-a tanperati-a desann jiska 20 degre santigrad. Gen lòt dokiman, Ministè Agrikilti bay menm chif sa yo.

2.4.Relyèf (monte desann)

Relyèf la se monte desann ki genyen nan jan fòm tè komin nan ye. Analiz chif pant yo montre gen apeprè 35 pousan tè nan komin nan ki gen yon pant dous (0-12 pousan), gen plis pase 55 pousan tè ki gen pant ki plizoumwèn rèd (12-30 pousan) epi gen anviwon 10 pousan nan tè komin ki gen pant rèd (30-60 pousan). Imaj piba-a montre kijan pant yo ye nan kantite tè komin nan genyen.



Imaj 5: Pousantay pant nan komin Bèdèyèn (Kote sone sa yo soti : CNIGS)

Si nou gade sou pant tè yo genyen, kantite tè nan komin nan ki kapab fè jaden se apeprè 30 pousan. Men gen anpil nan tè sa yo ki arid ki pa ka fè jaden. Kidonk, si nou kanpe sou relyèf la, enfòmasyon ki disponib yo montre komin nan gen yon kantite tè ki pa anpil ki kapab fè jaden, men plis nan tè sa yo te dwe gen forè nan yo.

Imaj ki piba-a montre jan relyèf komin Bèdèyèn gen anpil monte desann. Gen anpil mòn, gòj ak platon tou. Imaj yo montre 2 pi gran gòj yo ki nan komin: youn se gòj Kalbasye ki nan Sitèn Remi (1e seksyon), se ladanl rivyè Èn soti epi dezyèm lan soti Doda'n pou vin bay Ti rive ki pase nan 2 seksyon Rezèv ak Estè Dere.



Imaj 6 : Kat ki montre monte desann yo nan komin nan

2.5. Resous nan komin nan

Bèdeyèn gen divès kalte resous, nou kapab bay yon rezime sou kèk nan yo konsa :

- *Resous tè*: komin nan gen divès kalte tè, men gen anpil kote tou se wòch selman ki genyen. Kidonk, gen anpil tè nan komin nan ki pa kapab fè pwodisyon agrikol paske yo pa gen pwofondè pou rasin plant yo grandi. Gen anpil kote nan bafon yo ki vin gen bon tè ki fè plantasyon tankou bannann, legim elatriye. Pwofondè ak rannman tè yo makonnen anpil ak zafè ewozyon an. Tout tan pant lan pifò se konsa ewozyon vin pi prezan tou epi kouch tè-a vin pi piti paske anpil desann nan lanmè. Angwo tè yo pa kapab bay bon rannman.
- *Resous dlo* : Bèdeyèn se youn nan komin depatman Nòdwès ki gen mwens resous dlo. Anplis dlo ki genyen yo pa rive tout kote; se konsa nan kèk lokalite ki anba mòn ki genyen epi gen lòt kote sitou nan plenn sèch ak nan mòn yo ou pa jwenn dlo ditou. Komin nan gen 3 rivyè ki bay dlo pandan tout lane-a : se Larivyè Èn /Yèn ki nan Sitèn Remi toupre bouk Bèdeyèn, Rivyè Mowo nan Estè Dere ak Jondèf, Djoublou ki nan Rezèv. Apre sa gen 4 ravin ki konn bay dlo lè lapli ap tonbe. Gen plizyè lòt ravin ki konn bay anpil dlo tou lè lapli ap tonbe ki nan tout rakwen nan komin nan tankou Motèt ki nan Estè Dere, plizyè nan Doda'n, nan Rezèv epi nan Sitèn Remi. Gen plis pase 15 sous nan komin nan, men anpil nan yo pa bay anpil dlo. Se seksyon Rezèv sitiasyon dlo-a sanble pa pi mal ; se la ki gen plis sous nan komin nan. Nan Doda'n gen 2 ti sous yo pa gen anpil dlo (Nan Sab ak Dimèsi). Gen yon gwo ma Pwogram Nasyonal Lak Kolinè te fouye ki pèmèt moun yo jwenn dlo pou sèvi lakay yo ak pou bay zannimo.
- *Resous pyebwa* : Bèdeyèn se youn nan 10 komin depatman Nòdwès la ki genyen pi piti kantite pyebwa. Nan lane 1970 yo, te gen anpil pyebwa ki te koupe pou te voye vann lòtbò dlo tankou kanpèch, bwa chandèl, gayac, kajou, elatriye. Lòt rezon tou, popilasyon vin ogmante, fanmiy yo bezwen plis tè pou fè jaden, se konsa gen anpil pyebwa ki koupe pou jwenn plis espas pou mete jaden. Anplis, depi nan ane 80 yo, sitiasyon ekonomik difisil pouse popilasyon nan koupe anpil bwa pou fè chabon, kounye-a pa gen bwa pou fè aktivite sa ankò ; anpil moun k ap fè chabon oblije ap fouye rasin bwa pou yo kapab fè chabon. Gen

zòn bò lanmè kote pyebwa pa vini byen, gen anpil wòch, se yon zòn preske dezè. Gen lòt kote tou ou jwenn pyebwa tankou anlè mòn Rezè, Doda'n ak Estè Dere.

- **Lòt lanmè :** Lanmè Bèdeyèn lan kapab fè pò pou bato akoste san pwoblèm, depi nan tan lakoloni, bato te toujou renmen vin nan pò Bèdeyèn lan paske menmsi gen van, yo pa t ap kraze. Nan imaj ki piba yo, premye foto montre bò lanmè nan bouk Bèdeyèn epi dezyèm lan montre pye latanye nan Dodàn. Foto sa yo bay yon apèsi sou kèk fòs / resous komin nan genyen ki kapab sèvi pou fè li vanse. Bèl plaj kapab fèt bò lanmè nan bouk la epi nan Gwo Rezen ki twouve l toupri vil Bèdeyèn, se yon plaj ki atire anpil moun chak ane sitou lè gen fèt patwonan nan mwa septanm. Kidonk, si yo byen ranje plaj sa yo sa kapab atire plis touris nan zòn nan. Menm jan tou, fèy pye latanye yo te kapab itilize pi byen nan kesyon atizana pou pèmèt atizan yo rantre plis lajan.



Imaj 7 : Bò plaj nan bouk Bèdeyèn



Imaj 8: Latanye nan seksyon Doda'n

2.6. Sèvis yo

2.6.1. Sante

Genyen antou 6 etablisman sante pou ta bay popilasyon Bèdeyèn lan sèvis. Kat (4) nan yo se dispansè, lòt 2 yo ka konsidere tankou sant sante ak kabann : yonn ki nan Bouk la ki ap fonksyone epi yon lòt FAES te konstui nan lokalite Basen Adi nan 4^e seksyon Estè Dere ki pa janm fonksyone. Pa gen lopital nan komin nan, kote popilasyon an ka jwenn divès kalte swen sante. Men ki kote etablisman sante sa yo ye andedan komin nan :

- *Yon Sant sante ak 3 kabann ki nan Bouk Bèdeyèn* – Sant sa-a se pi gwo etablisman sante ki genyen nan komin nan. Li gen antou 3 kabann pou malad epi li pa gen espas pou pran lòt. Li pa gen sèvis tankou sal akouchman, sal ijans ak sal travay pou pèsone la, ki pou ta ba li pote bon mak fabrik yon sant sante ak kabann jan règleman MSPP yo mande sa. Se nan lane 1976 HACHO te konstui sant sa, epi nan lane 1996 UNOPS te agrandi l. Nan Sant sa, gen yon CTC ki te mete kanpe pou konbat maladi kolera-a. CTC sa-a gen yon enfimyè ak 6 oksilyè

k ap travay ladan l. Anplis, gen 4 kote yo mete sewòm oral pou moun yo pran se Vya, Pas-Sèch, Petitan ak Tiparadi.

- *Yon dispansè nan premye seksyon (Sitèn Remi)* – Dispansè sa-a pase anpil tan nan kay ki pat fèt pou dispansè. Nouvo lokal la gen mwens ke yon ane depi li konstui gras ak lajan yon òganizasyon lokal te jwenn nan pwogram CARE/PRODEP la. Men, se Leta ki peye moun k ap travay ladan l.
- *Yon dispansè nan lokalite Dipre, twazyèm seksyon (Rezèv)* – Se mè nan legliz katolik, ki rete nan zòn nan, ki te fè konstriksyon dispansè sa. Se yon dispansè prive sa vle di se pa Leta k ap fè l mache.
- *Yon dispansè nan lokalite Ti Rivyè, twazyèm seksyon (Rezèv)* – Dispansè sa konstui depi plis pase 20 tan. Se yon dispansè piblik sa vle di se Leta ki peye moun k ap travay ladan l pou fè l mache.
- *Yon dispansè nan lokalite Lasous, katriyèm seksyon (Estè Dere)* – Se yon gwoup misyonè ameriken yo rele Christian Aid Ministry (CAM) ki te konstui dispansè sa epi se yo menm k ap fè l mache. Gen yon CTC ki te mete kanpe pou konbat maladi kolera.
- *Yon sant sante nan lokalite Basen-Adi, katriyèm seksyon (Estè Dere)* – Se FAES ki te konstui lokal sa depi plis pase 2 lane, men lokal la rete fèmen paske Leta pa janm nonmen moun pou fè sant sante sa-a mache.

Presque 70 pousan moun k ap travay nan zafè lasante se matwòn yo ye. Ajan sante ak oksilyè reprezante 20 pousan nan kantite moun ki nan sistèm lan. Enfimyè yo se sèlman 3 ki pa reprezante anyen pou yon popilasyon ki gen preske 25 000 moun. Nan moman travay sa t ap fèt te gen yon jèn doktè ki te gen mwens ke 3 mwa nan bouk la, men nan ti pale ekip AG-a te fè ak li, li te parèt klè, li pa t ap rete pou anpil tan. Gen nan bouk la yon doktè ak yon enfimyè kibèn ; men ki sou wout pou tounen nan peyi yo.

2.6.2. Dlo potab ak ijyèn

Komin Bèdèyèn gen anpil pwoblèm dlo. Sitiyasyon sa sanble pi mal nan bouk la ak plizyè lokalite nan seksyon yo. Rezèv se ta seksyon kote ta gen yon alemye nan kèk lokalite, men pwoblèm la toujou rete konplike preske toupatou nan komin nan. Gen anpil moun ki rete nan bouk la tandiske pa gen dlo potab vre pou yo bwè. Gen anpil jefò ki fèt nan fouye pi ateyen men, anpil nan yo se dlo sale. Pa ekzanp gen yon Pè CARITAS Tchèk ki te fouye 4 pi, men se nan yon sèl yo rive jwenn dlo dous. Gen yon ti sistèm pi ateyen UNICEF te konstui nan lane 1993 nan lokalite Atdelis ki te konn bay popilasyon bouk la dlo. Sistèm sa ki te fonksyone ak enèji solèy gen ponp lan ki gate depi 2009. Depi lè sa-a, gen demach ki mennen, ponp lan te rive chanje plizyè fwa, men travay yo genlè pa byen fèt oubyen gen lòt pyès yo ta dwe mete pou li ta fonksyone. Dapre popilasyon an posiblite ki genyen se ta achte tout materyèl ki nesèsè yo pou refè sistèm UNICEF te fè-a oubyen se mennen dlo sous Pecho-a nan bouk la. Konnye-a se yon pwi AICF te fouye nan lokalite Atdelis ki bay moun nan Bouk lan dlo.

Pou zafè latrin, se apeprè 25 pousan fanmiy sèlman nan komin ki gen latrin. Sitiyasyon sa preske menm toupatou, men li sanble pi mal nan bouk Bèdeyèn kote ki gen plis moun k ap viv nan yon ti moso tè tou piti. Sitiyasyon sa gen gwo konsekans nan lavi moun nan komin nan. Anpil maladi moun yo trape nan zòn nan soti nan mikwòb ki genyen nan vye dlo y ap bwè ak nan watè / poupou. Anpil fwa sous kote moun yo pran dlo yo pa byen pwoteje, sa vle di : sous yo pa bare, zannimo antre epi soti jan yo vle ; pa gen pyebwa ki plante nan tèt sous yo pou diminye ewozyon ; epi, pa gen travay konsèvasyon sòl ki fèt pou pèmèt plis dlo rantre nan tè pou ogmante sous yo epi anpeche lavalas vin tonbe andedan yo. Gen ACF ki fè jèfò nan zafè asenisman nan komin nan.

2.6.3. Edikasyon

Enfòmasyon ki ranmase nan komin Bèdeyèn montre sitiyasyon edikasyon nan komin sa ta sanble pi mal pase sa k ap pase nan tout depatman Nòdwès la. Komin Bèdeyèn gen antou 62 lekòl, nan yo gen 6 lekòl Leta (piblik), sa vle di Leta gen mwens pase 10 pousan lekòl epi sektè prive-a gen plis pase 90 pousan. Nan lekòl sa yo gen yon lise ak yon lekòl nasyonal nan bouk Bèdeyèn, yon lekòl nasyonal nan chak seksyon yo. Men, gen lekòl nasyonal Platon Lestè-a, nan katryèm seksyon-an, ki rive nan 9e ane fondamantal. Tout lekòl yo, Leta kou prive, resevwa apeprè 8 507 elèv, 51 pousan nan yo se tifi. Chif sa yo montre klè se sektè prive-a k ap menmen bak edikasyon nan komin Bèdeyèn. Leta pa menm prezan pou kontwòl sa k pase vre andedan 62 lekòl sa yo paske pa gen enspeksyon eskolè andedan komin nan tankou gen sa nan plizyè komin nan peyi-a.

Analiz chif yo ki soti nan IHSI sou popilasyon ki gen laj ant 6 ak 20 lane, montre gen apeprè 12 551 timoun ak jèn ki gen laj pou ta lekòl nan komin ; nan yo, gen 51 pousan ti gason ak 49 pousan tifi. Kidonk, kantite timoun ki gen laj pou ale lekòl ak sa ki lekòl vre bay yon diferans 2 062 tigason ak 1 982 tifi ki ta dwe lekòl, men ki pa lekòl. Timoun sa yo reprezante 32% nan sa ki dwe lekòl, malerezman ki pa ale. Men, pifò nan yo rete nan seksyon kominal yo.

Analiz la montre tou pa gen gwo diferans ant kantite tifi ak kantite tigason ki ale oubyen ki pa ale lekòl. Pafwa nan kèk komin nan peyi-a, konn gen yon sitiyasyon kote gen plis tigason ki ale lekòl ; men li pa konsa pou Bèdeyèn. Okontrè, gen 51 pousan nan kantite timoun ki lekòl yo se tifi. Konsta ki fèt, gen anpil tifi ki konn kite lekòl bonè paske yo tonbe ansent. Sitiyasyon sa preske menm jan nan tout komin nan. Menmsi tifi yo ale lekòl menm lè ak tigason yo, gen anpil nan yo ki oblije kite lekòl bonè.

Plis pase 70% kay kote lekòl yo ye nan Bèdeyèn pat bati pou sa. Nan Bouk Bèdeyèn, 3 nan 6 lekòl piblik yo gen kay ki te bati pou fè lekòl. Men anpil kote nan seksyon yo gen lekòl ki anba tonèl oubyen se kay ki te fèt pou moun rete. Men, gen jefò ki fèt bò kote Leta pou pote yon alemye. Se konsa, lè travay sa t ap fèt te gen Lise Bèdeyèn lan ki te kòmanse bati paske se nan Lekòl nasyonal la li ap fonksyone. Gen lekòl nasyonal Mapou (Rezèv) ki fin kraze nèt, men ki te planifye pou bati, gen lekòl nasyonal nan bouk la ki te bati gras ak bourad UNICEF, lekòl nasyonal nan Estè Dere ki te konstui, men ki merite repare, elatriye.

Lajan paran peye pou voye timoun yo lekòl kapab diferan nan yon lekòl ak yon lòt. Men, si nou gade lajan paran depanse pou yon ti moun li pa anpil konpare ak lòt komin nan depatman-an. Rezon ki fè sa, gen plizyè aktè ki peye pwofesè yo, ki fè se yon frè anpil lekòl yo pran nan men paran pou tout lane-a. Kantite lajan paran peye nan Bouk Bèdeyèn, li varye konsa :

- Kote timoun yo parene, paran peye soti 250 goud pou rive jiska 1250 goud pou ane-a. Done ki te ranmase montre paran peye apeprè 10 pousan epi òganizasyon peye 90 pousan. Se òganizasyon yo ki peye pwofesè, ki konn bay liv epi ki konn peye lajan pou òganize seminè pou pwofesè yo. Gen ONG tankou CAM, CARITAS ak Misyon Legliz Konsèvatris ki nan aktivite sa.
- Kote timoun yo pa parene, paran yo peye apeprè 70 pousan epi òganizasyon bay yon bourad 30 pousan konsa. Gen òganizasyon ki bay sipò nan bay liv, valiz, inifòm, elatriye.

Gen anpil eleman ki aji sou kalite edikasyon elèv yo ap resevwa nan komin nan. Nan analiz sa n ap gade sa k makonnen ak nivo mèt yo epi jan lekòl yo òganize yo pou pèmèt elèv aprann. Enfòmasyon ki soti nan atelye yo montre gwo diferans nan nivo pwofesè primè k ap travay nan edikasyon komin nan, li soti nan 8e ane fondamantal pou rive nan nivo filo. Nan bouk Bèdeyèn apeprè 20 pousan mèt yo se nòmalyen, men nan seksyon yo pousantay nòmalyen yo pi piti.

2.6.4. Wout ak kominikasyon

Komin Bèdeyèn gen 2 wout prensipal ki travèse l : gen youn ki soti Answouj pou ale Bonbad, ki pase nan Bouk Bèdeyèn, ak yon lòt la ki soti Answouj pou ale Mawouj (2e seksyon komin Mòl-Sen-Nikola). Premye wout la pase nan 4e seksyon (Estè Dere) ak nan 1e seksyon (Sitèn Remi) epi dezyèm wout la travèse yon pati nan 3 pami 4 seksyon komin nan : li pase na fon Lestè, li travèse 3e seksyon (Rezèv) epi li pase nan Doda'n (2e seksyon) pou ale Mawouj. Men andedan seksyon yo nou jwen plizyè lòt wout segondè tankou wout ki soti Dipre pou ale nan bouk la, Wout masakre pou ale Platon Lestè, elatriye.

Tout seksyon yo gen wout ki rantre nan yo, men yo pa bon ditou. Lè lapli ap tonbe, machin preske paka pase nan 2 wout prensipal yo pa mande pou sa ki antre andedan seksyon yo kote sitiasyon an pi manganmen. Gen wout ki soti Answouj pou vini nan bouk la ki 2 bann beton ki mete men se sou apeprè 3 kilomèt sèlman. Se sitou labou ak wòch ki fè li difisil pou machin pase nan wout yo.

Depi plis pase 3 lane, mwayen kominikasyon ki pi fasil pou moun nan komin Bèdeyèn se telefòn selilè. Nan yon premye tan konpayi Digicel te mete yon antèn nan seksyon Rezèv nan zòn Platon Lestè, li pat pèmèt moun ki nan bouk Bèdeyèn kominike. Depi apre 12 janvyè 2010 (dat tranbleman tè-a), Digicel mete yon lòt antèn nan bouk la epi bay sèvis telefòn selilè ak popilasyon nan preske tout komin nan. Gen kèk kote nan Estè Dere tankou zòn glasi ki pa jwenn signal apresa preske tout kote nan komin nan moun kapab itilize telefòn yo pou pale. Nan mwa jiyè 2011, gen konpayi NATCOM ki plase yon antèn nan bouk Bèdeyèn, men nan moman travay sa t ap fèt, li patko bay sèvis.

Menmsi komin nan pa gen estasyon radyo, gen anpil radyo popilasyon an koute, gen nan yo ki Pòtoprens, Pòdepè, Gonayiv, Sen-Mak, elatriye. Nan radyo moun yo tandè ou jwenn Vizyon 2000, Karayib, Radyo Ginen, Metwopòl, Tropik FM ki chita kò yo nan Pòtoprens ; Nirvana (Kap Ayisyen) epi Radyo One, Delata, LJS ki nan Sen-Mak. Men, radyo moun plis tandè vre se Radyo-One, Ginen, Nirvana ak LJS.

2.6.5. Kouran / limyè

Komin Bèdeyèn pa gen konpayi prive oubyen Leta k ap bay sèvis kouran elektrik jan sa fèt nan divès zòn nan peyi-a. Pou klere kay yo, apeprè 95 pousan fanmiy nan komin sèvi ak lanp gaz. Men gen kèk fanmiy ki gen posiblite mete limyè lakay yo sitou ak pano solèy, batri ak ennvètè. Gen jefò k ap fèt nan kèk lokalite andedan komin nan nan mete limyè ak enèji solèy. Se konsa gen plizyè poto limyè ki mache ak enèji solèy (lanpadè) mete kanpe nan plizyè lokalite. Gen 3 ki nan zòn Doda'n sou wout prensipal la.

Gras ak PRODEP / CARE/ CECI ki se yon pwogram Gouvènman an (PL480) mete sou pye gras ak lajan BID, gen yon òganizasyon kominotè PRODEP te finanse ki rive fè yon ti pwojè pou klere kèk kwen nan bouk Bèdeyèn. Se konsa, ti pwojè rive fèt nan bouk la epi se pi gwo travay ki reyalize nan domèn kouran elektrik nan komin nan. Li genyen antou 7 poto ak lanp ki sèvi ak limyè solèy ki enstale nan bouk la.

Pati 3 :
Pwoblèm Developman
Komin Bèdeyèn

3. Pwoblèm devlopman nan komin Bèdeyèn

Pwoblèm ki makònen ansanm nan tout sektè : ekonomik, sosyal, gouvènans ak anviwònman rann difisil devlopman nan komin Bèdeyèn. Jou apre jou, sanble sitiyasyon afè pa bon popilasyon an ap vin pi konplike. Menmsi pwoblèm yo pa parèt menm jan, men yo makonnen ansanm ; kidonk, li enpòtan anpil pou n chache konprann epi analize diferan pwoblèm yo pou jwenn bon solisyon. Se ak yon teknik yo rele *"pyebwa pwoblèm"* ki itilize pou byen konprann kòz ak efè pwoblèm yo epi pwopoze solisyon ak mwayen pou rezoud yo. Nan chapit sa-a, gen brase lide ki fèt nan chak sektè : ekonomik, sosyal, gouvènans ak anviwònman.

3.1. Sektè ekonomik nan

Tout aktivite moun ap fèt nan objektif pou l rantre lajan konsidere tankou yon aktivite ekonomik. Se konsa, nan chapit sa, chita tande yo te fèt sou zafè agrikilti, elvaj, komès, pèch, sèl, transfòmasyon pwodui, atizana ak touris epi min ak karyè.

3.1.1. Analiz pwoblèm yo

Nan analiz pwoblèm yo, tablo piba-a ki bay detay sou enfòmasyon ki te ranmase nan dyagnostik la. Li bay presizyon tou sou klasman pwoblèm yo, tandans ki degaje nan chak sektè, resous ansanm ak difikilte yo. Brase lide te fèt tou sou aktivite ekonomik ki te planifye nan ansyen Plan seksyon yo tou.

Tablo 3.1 : Analiz pwoblèm ki genyen nan sektè ekonomi-an

Sektè	Pwoblèm	Kòz	Konsekans	Solisyon
Agrikilti	-Jaden yo pa bay bon rannman	-Plantè yo manke byen fòme -Manke dlo /rivyè pou wouze jaden -Ensèk ap manje jaden yo -Pa gen bon jan semans -Manke mwayen pou fè bon jaden	-Gen grangou -Fanmiy yo paka fè lajan -Anpil jèn pa vle fè jaden ankò	- Mete pwogram fòmasyon pou plantè yo -Konstui kanal irigasyon simante -Mete boutik entran agrikòl (semans, zouti, elatriye) -Mete teknisyen sou plas -Mete bon jan kredi agrikòl
Elvaj	-Bèt yo ap fin mouri	-Gen maladi bèt -Manke ajan ki byen fòme pou trete yo -Gen anpil volè ak chen -Bèt yo pa byen manje lè solèy tonbe -Medikaman yo vann chè -Ras ki la yo pa byen peple	-Elvè yo pa rive fè anpil lajan -Vyann chè anpil -Bèt yo piti	-Mete veterinè sou plas -Mete famasi veterinè -Vini nan komin nan ak ras amelyore -Vini ak varyete zèb ki grandi pi vit -Remete sou pye elvaj volay -Konstui basen pou kenbe dlo lapli pou bèt kapab bwè
Kòmès	-Komès la pap byen mache nan	-Pa gen gwo mache nan komin kote anpil moun vini	-Lavi-a vin chè anpil -Machann yo ale lwen pou achte epivann	-Konstui yon bon mache piblik -Konstui yon magazen

Sektè	Pwoblèm	Kòz	Konsekans	Solisyon
	komin nan	-Pa gen magazen pou jwenn achte pwodui -Pa gen bon kredi -Ti machann yo pa byen fòme pou jere lajan yo prete -Wout yo pa bon pou transpò pwodui yo	-Fanmiy yo pa jwenn lajan pou pran swen tèt yo -Anpil moun pa ka ranbouse dèt yo	kominotè pou mete pwodui -Mete bon kredi anplas -Konstui wout pou pase ak rekòt jaden yo -Fè fòmasyon pou ti machann nan jere ti biznis
Pèch	-Pèch la pa devlope	-Pa gen bon ekipman pou ale peche nan fon lanmè -Pa gen bon jan mwayen pou konsève pwason -Pa gen moun ki pou vin achte pwason yo	-Pechè pa kapab fè lajan -Ti machann pa jwenn lavant nan komin nan	-Fè fòmasyon pou pechè ak ti machann pou byen òganize pèch la -Achte ekipman pou pechè kapab ale peche lwen -Achte ekipman pou konsève pwason yo -Chache mete rezo anplas pou pwason yo kapab vann fasil
Sèl	-Aktivite sèl la manke byen devlope	-Manke ekipman pou fouye twou sèl yo -Pa gen ase depo pou mete sèl yo	-Moun manke fè lajan	-Mete kredi pou moun ki pwopriyete twou sèl -Bay sipò pou twou sèl yo pibyen konstui
Transfòmasyon pwodui	-Pwodui jaden yo konn gate	-Manke mwayen pou transfòme ak konsève pwodui jaden yo	-Pa gen ase lajan ki rantre nan men plantè yo	-Mete kanpe moulen ki pou transfòme grenn -Mete pwa kongo nan sachè
Atizana	-Atizana zòn nan pa òganize	-Pa gen kote pou vann pwodui yo -Anpil atizan pa pratike -Pa gen anpil etranje kap rantre soti -Manke zouti ak fòmasyon	-Atizan paka rantre lajan -Anpil atizan al fè lòt bagay -Anpil metye ap pèdi valè yo -Pwodui lokal pou fè atizana ap gaspiye	-Mete kanpe yon atelye atizana -Ankadre atizan yo pou jwen kredi pou achte zouti -Cheche mache pou pwodui atizan yo ka vann
Touris	-Etranje pa rantre soti souvan nan komin nan	-Pa gen pwomosyon ki fèt pou touris rantre -Wout yo pa bon -Pa gen kote pou akeyi etranje -Pa gen enfrastrikti ki mete anplas	-Mwens lajan antre nan komin nan -Anpil bèl plaj ap gaspiye	-Repare wout yo -Ranje plaj Gwo Rezen an -Leta ta dwe ankouraje envestisè konstui otèl -Ankadre eli lokal pou pèmèt yo fè aktivite ki atire touris
Min ak karyè	-Karyè yo pa eksplwate	-Pa gen wout ak lòt materyèl ki nesèsè	-Resous sa yo gaspiye	-Ankadre moun ki vle envesti pou eksplwate karyè yo

3.1.2. Klasman difikilte yo

Komin Bèdeyèn gen 5 sektè ekonomik ki pi enpòtan pou li, se agrikilti, elvaj, lapèch, komès ak chabon. Men, nou plis pale sou chabon an nan pwoblèm anviwonman yo ki nan pati 3.4 dokiman sa. Konsa difikilte ki pi enpòtan yo gen pou wè ak sektè sa yo. Men kijan nou klase sa ki pi merite yon solisyon prese prese yo :

a. Jaden yo pa bay bon rannman akòz:

- Plantè yo manke byen fòme
- Manke dlo /rivyè pou wouze jaden
- Ensèk ap manje jaden yo
- Pa gen bon jan semans
- Manke mwayen pou fè bon jaden
- Pa gen wout pou pote yo al nan mache
- Manke mwayen pou konsève ak transfòme pwodui yo
- Pa gen gwo mache ki atire anpil moun pou rive vann pwodui yo

b. Bèt yo ap fin mouri

- Bèt yo malad anpil
- Manke ajan veterinè ki byen fòme pou trete yo
- Gen anpil volè ak chen k ap detwi twoupo yo
- Bèt yo pa byen manje ak bwè dlo lè solèy tonbe
- Medikaman yo vann chè
- Ras ki la yo piti anpil yo manke gen vyann

c. Pèch la pa devlope paske:

- Pa gen bon ekipman pou ale peche nan fon lanmè
- Pa gen bon jan mwayen pou konsève pwason
- Pa gen moun ki pou vin achte pwason yo

d. Komès la pap byen mache paske:

- Pa gen gwo mache nan komin kote anpil moun vini
- Pa gen magazen pou jwenn achte pwodui
- Pa gen bon kredi
- Ti machann yo pa byen fòme pou jere lajan yo prete
- Wout yo pa bon pou transpò pwodui yo

3.1.3. Konsta / refleksyon sou sitiyasyon sektè ekonomik lan nan komin nan

Pi gwo pwoblèm Bèdeyèn se paske li se yon komin ki lage pou kont li. Komès la pa ka rive devlope komsadwa akòz pa gen wout, pa gen mache ki ka atire anpil moun, mwayen pou konsève pwodui agrikòl yo epi/oswa transfòme yo ki fèb anpil. Fèb posiblite ki genyen pou vann pwodui yo anpeche pwodiksyon an vanse pi devan. Mete sou sa, pa gen teknisyen k ap akonpaye plantè yo pou ede fè jaden yo ak fè elvaj la bay plis rannman. Men elvaj kabrit la ap mache pa twò mal paske gen 10 pousan nan elvè yo ki se gran elvè, nan klasman ki te rive fèt lè dyagnostik la, yon gran elvè genyen ant 500 ak 1 000 kabrit l ap gade. Nan kesyon lapèch la menm, si se vre gen jefò ki fèt pou bay pechè yo ekipman pou yo ka ale peche, sa pa mache twò byen paske

ekipman ki vini yo pa reponn tout bon vre ak bezwen pechè yo. Pa ekzanp kannòt pechè nan bouk la gen gwo motè sou yo ki boule anpil gaz ; kidonk, sa koute twòp lajan pou yon grenn pechè ale pou kont li nan lanmè al peche. Yon lòt bò tou, pechè yo pa byen fòme epi òganize pou konnen kijan y ap sèvi ak mwayen ki nan men yo, sa anpeche sektè pèch valse pou devan.

Gen anpil fanm k ap fè ti komès, men yo pa fè benefis nan aktivite sa yo paske kredi yo jwenn lan pa reponn vre ak bezwen yo pou 2 rezon enpòtan : tan pou remèt lajan-an twò kout (3-4 mwa) epi entèrè-a pa bese menmsi manman lajan bese. Anpil jèn pa fè jaden paske yo wè aktivite sa-a pap rapòte yo lajan. Men preske tout moun ki responsab yon fanmiy ap fè li menmsi se pou manje sèlman nan yon peryòd nan ane-a.

Angwo, gen ti jefò ki fèt apre premye Plan devlopman nan seksyon yo te fin mete kanpe nan lane 2006. Nan zafè kredi menmsi moun yo pa renmen kondisyon yo, sitou dire-a ki twò kout ak enterè-a ki twò wo. Gen lòt jefò ki fèt tou pou ranfòse pwodiksyon agrikòl la, sitou ak aktivite AAA ap fè nan kèk seksyon, gen kanal ki konstui epi gen yon boutik entran ki tabli Rezèv. Men, pwoblèm yo tèlman anpil nan sektè ekonomik lan, malgre jefò sa yo, popilasyon komin nan pa gen enpresyon gen yon alemye nan kondisyon y ap viv la. Pwodiksyon yo rete fèb epi pa gen plis lajan ki antre vre nan ekonomi an.

3.1.4. *Resous ak difikilte yo*

Bèdeyèn gen resous ki se fòs komin ki te ka pèmèt aktivite ekonomik yo mache pi byen. Men gen difikilte ki anpeche popilasyon-an benefisye pwofi yo te kapab jwenn si te gen lajan ki t ap antre soti nan ekonomi an. Tablo annaprè-a bay detay sou resous sa yo ak difikilte ki anpeche yo itil popilasyon an.

Tablo 3.2 : Potansyalite ak difikilte aktivite ekonomik yo

Potantyalite yo	Difikilte yo
-Gen plis tè ki ka fè jaden -Gen ti dlo ki te ka wouze plis tè -Plantè yo gen abitud mete tè yo ansanm pou travay tè yo	-Pa gen anpil lapli ki tonbe -Manke mwayen pou kanal irigasyon yo fin fèt -Jèn moun kòmanse ap dekouraje paske yo pa jwenn rannman nan aktivite agrikòl yo
-Komin nan ka fè elvaj kabrit byen -Gen bayawòn kabrit yo manje byen epi ki repouse san pwoblèm	-Moun kap gade bèt yo manke byen fòme sou teknik pou byen pran swen bèt yo pou yo ka fè plis pitit -Pa gen dlo ase pou bèt yo bwè sitou lè peryòd sèch la rive -Gen abitud pou plantè koupe tè tout zannimo ki pase nan jaden li, sa kreye anpil konfli
-Gen lanmè ki gen pwason ak pechè ki gen eksperyans	-Pechè ak ti machann pa byen fòme epi òganize pou fè pèch la mache kòmsadwa -Pechè ak ti machann yo pa gen bon materyèl ak ekipman pou kenbe pwason epi konsève yo
-Gen anpil plant nan zòn nan yo ka itilize pou fè atizana -Gen plizyè jèn nan seksyon Rezèv ak	-Pa gen mache pou atizan yo vann pwodui atizana yo -Pa gen atelye oubyen lekòl kap fòme atizan pou yo fè pwodui ki gen pi bon kalite

Estè Dere ki gen fòmasyon nan transfòmasyon banbou	
--	--

3.1.5. Sa ki pi enpòtan ki pou fèt nan sektè ekonomi-an

Pati sa-a nan dokiman-an ap gade kisa ki pi enpòtan ki pou ta planifye pou fèt nan sektè ekonomi-an. Lè nou gade nan plan 4 seksyon kominal yo, pat gen anpil aktivite ekonomik ki te planifye ; kidonk, pat genyen anpil tou ki te reyalize pandan 5 lane ki sòt pase yo. Tablo sa ap prezante aktivite ekonomik ki se priyorite pou komin Bèdeyèn lan pou 5 lane k ap vini yo.

Tablo 3.3 : Priyorite nan sektè ekonomi an

Sektè yo	Priyorite nan moman-an
-Agrikilti	-Repare sistèm irigasyon Rivyè Èn lan -Konstui 5 kilomèt kanal irigasyon nan Estè Dere -Ranfòse sistèm irigasyon Rezèv la -Konstui 1 boutik entran nan Dipre -Ranfòse boutik entran ki nan bouk la
-Elvaj	-Vini nan komin nan ak bouk Boer pou amelyore ras kabrit yo -Konstui abrevwa pou zannimo kapab bwè nan tout komin nan -Fòmè ajan veterinè pou ranfòse GSB yo -Mete kanpe famasi veterinè nan bouk epi ekipe tout GSB yo
-Komès	-Repare wout agrikòl nan tout seksyon yo pou pwodui ka al nan mache -Konstui mache piblik nan seksyon Sitèn Remi, Estè Dere ak nan Bouk la -Mete kanpe magazen kominotè pou pwodui k ap sot deyò yo -Mete yon bon sistèm kredi pou ti machann ak plantè yo nan tout komin nan
-Pèch	-Akonpaye pechè yo pou jwenn bon materyèl ak ekipman pou peche -Akonpaye ti machann yo pou yo rive vann pwodui lapèch yo -Mete kanpe boutik ki vann materyèl pou lapèch ak chanb fwad pou konsève pwason nan Tiparadi ak Petitsans ak Sitèn Remi
-Transfòmasyon pwodui	-Mete kanpe izin pou moulen grenn nan Doda'n ak Rezèv
-Atizana	-Mete kanpe 2 sant pwofesyonèl: nan bouk la ak lòt la zòn Masakre -Apiye atizan nan seksyon Rezèv ak Estè Dere nan transfòmasyon banbou
-Touris	-Ranje Plaj Gwo Rezen, Lagon, Lasous ak gòj Lakoup -Fè pis pou touris kapab monte nan mòn chen, bwadòm ak nan tèt Estè Dere pou kapab admire bèl vi sou lanmè.

3.2. Sektè sosyal la oubyen sèvis

Anpil brase lide te fèt ak patisipan ki te nan atelye pou priorize enfòmasyon yo pou konnen sèvis popilasyon an jwenn bè kote pouvwa yo. Nan divès kalte sektè, pwoblèm yo te analize nan tout fasèt yo pou te konprann kòz ki bay yo epi pwopoze solisyon. Apre sa, pwoblèm ki merite solisyon prese prese nan 5 lane k ap vini yo klase nan lòd. Chapit la pale tou sou konsta ak refleksyon ki fèt sou jan sitiasyon moun yo ye parapò ak kèk sèvis yo ta dwe jwenn bò kote pouvwa yo. Gen yon rale ki fèt tou sou fòs komin genyen ak sa ki anpeche popilasyon apiye sou yo pou vanse pi devan epi, gen rezime ki fèt sou aksyon ki ta dwe mennen pou popilasyon komin nan jwen ou alemye. Sektè sa-a regwoupe plizyè sèvis popilasyon komin nan ta dwe jwenn tankou edikasyon, sante, dlo potab, wout, elatriye.

3.2.1. Analiz pwoblèm nan sektè sosyal yo

Patisipan nan atelye ki t ap fèt nan dyagnostik komin nan ak atelye pou fè priorizasyon yo te idantifye divès kalte pwoblèm nan sektè sosyal la ki analize nan tablo piba-a. Enfòmasyon sa yo soti nan yon teknik yo rele *"pyebwa pwoblèm"* ki te pèmèt yo jwenn pwoblèm prensipal yo, kòz ki makonnen ak yo epi ak konsekans yo genyen sou popilasyon Bèdeyèn lan.

Tablo 3.4 : Analiz difikilte nan sektè sosyal la

Sektè	Pwoblèm	Kòz	Konsekans	Solisyon
Edikasyon	-Anpil timoun pa ka al lekòl -Anpil elèv kite lekòl apre klas primè -Sèlman ant 30 a 50 pousan elèv nan komin nan ki reyisi nan Ekzamen leta yo -Jèn yo pa ka aprann yon metye	-Pa gen ase lekòl leta -Timoun yo grangou -Manke lekòl segondè -Lekòl yo pa nan bon kay -Pa gen bibliyotèk -Timoun yo manke byen konprann pwofesè yo -Pa gen lekòl pwofesyonèl	-Paran yo depanse plis kòb -Timoun yo paka aprann byen -Anpil timoun nan lari -Nivo edikasyon popilasyon an ba -Pwofwèsè yo pa byen touche -Jèn yo paka pran tèt yo anmen yo pa gen metye	-Resikle pwofesè lekòl leta kou prive -Mete plis lekòl leta nan seksyon yo -Ranje kay lekòl nasyonal -Mete yon Lise Rezèv -Mete yon bibliyotèk -Mete kantin nan tout lekòl yo -Fè paran yo jwenn materyèl pou timoun lekòl a ba pri -Mete kanpe yon lekòl pwofesyonèl
Sante	-Malad yo pa kapab jwenn swen sante -Kondisyon ijyèn yo pa bon ditou	-Pa gen lopital -Pa gen pèsònèl kalifye tankou doktè -Dispansè yo pap byen fonksyone -Pa gen materyèl ak medikaman pou ajan sante sèvi	-Anpil fanm ansent mouri -Anpil ka maladi paka trete nan komin nan -Plis kòb depanse nan swen sante -Plis moun mouri nan epidemi apre sezon lapli	-Konstui yon lopital nan bouk la -Agrandi dispansè nan seksyon yo an sant sante -Bay bon ankadreman ak Ajan sante yo epi matwòn yo

Dlo potab ak asenisman	-Dlo yo fè moun yo malad -Gen move odè pre kay yo	-Move pratik ijyèn nan tèt sous yo -Moun yo pa jwenn dlo pwòp toupato -Sous ki kapte yo pa pwoteje -Bèt bwè nan sous yo -Anpil fanmiy fè bezwen yo bò sous yo -Rad moun ki gen kolera ap lave bò sous	-Moun ap mouri anba dyare ak kolera -Fanm yo gen enfeksyon -Plis lajan ap depanse nan kesyon swen sante	-Byen kapte kèk lòt sous -Fè fòmasyon pou komite kap jere dlo yo -Refè kaptaj sous ki komanse kraze -Pwoteje tèt sous yo (Plante pyebwa, klotire) -Konstui sitèn nan kèk fanmiy -Mennen gwo kanpay pou sansibilize moun yo pou konstui latrin -Mete kanpe yon pwogram pou sansibilize moun
Wout ak komini-kasyon	-Moun pa kapab deplase fasil nan tout kote nan komin-an -Gen kote nan seksyon yo telefòn pa rive	-Wout yo pa bon ditou -Gen kote ki pa gen wout -Wout yo gen anpil twou -Ravin yo pa trete -Pa gen antèn konpayi telefòn Digicel ak Natcom toupato	-Transpò-a vin chè, sa fè machandiz yo chè tou -Machandiz konn gate nan wout -Anpil moun mouri nan aksidan -Tout moun paka kominike libè libè	-Konstui 2 wout prensipal komin nan (Answouj-bonbad ak Answouj Mawouj) -Ranje wout Bwadòm nan -Fè demach pou gen plis antèn nan Estè Dere
Kouran	-Moun yo nan fè nwa lè solèy kouche	-Nan lannuit, li fè nwa anpil	-Moun pa ka okipe sa yo gen pou fè -Timoun paka etidye -Telefòn paka chaje	-Mete limyè ak enèji solèy
Espò, lwazi ak kilti	-Jèn yo pa fè espò ak pran lwazi -Jèn yo pa ka ekzèse talan yo	-Pa gen espas Ranje pou fè espò -Pa gen sant kiltirèl -Pa gen materyèl espòtif -Pa gen sal kiltirèl	-Jèn ap fè kalewès ak vagabonday -Gwosès avan lè	-Konstui yon teren foutbòl -Konstui yon sant kiltirèl ak lwazi nan bouk la

3.2.2. Klasman pwoblèm/difikilte yo

Gen kèk nan pwoblèm pi wo yo ki bay anpil tèt chaje, sa vle di ki pa ka rete tann. Difikilte sa yo klase nan lòd konsa:

- Malad yo paka jwenn bonjan swen sante
- Dlo yo bay moun yo divès kalte maladi: dyare, enfeksyon, tifoyid, elatriye
- Moun pa kapab deplase fasil pou ale nan lòt komin vwazen yo tankou Answouj, Bonbad, Mòl ak Jan-Rabèl paske wout yo an movèz eta
- Anpil timoun pa kapab ale lekòl apre sètifika (6e ane).

3.2.3. Konsta / refleksyon sou sitiyasyon sektè sosyal la nan komin nan

Komin Bèdeyèn ap fè fas ak plizyè kalite pwoblèm nan domèn sosyal yo. Manke enfrastrikti sante nan komin nan lakòz anpil moun pran vye maladi epi pa ka jwenn swen ka yo merite. Yo

konn oblije ale nan yon lòt komin byen lwen tankou Gonayiv ak Pòdepè pou jwenn swen. Pou sa k gen rapò ak dlo pou moun bwè menm, pa preske gen sa nan komin nan, sitou nan Bouk la ak nan seksyon Sitèn Remi, Estè Dere ak Doda'n, se sèlman nan seksyon Rezèy ki gen yon alemye nan zafè dlo. Anplis, gen sous ki pa kapte, sa k te kapte yo merite repare, yo kraze. Sitiyasyon sa lakòz anpil maladi ki soti nan move dlo ak nan bezwen moun fè atè ap taye banda nan komin nan. Nan kesyon ledikasyon an menm, pa gen ase lekòl leta, gen plizyè ti lekòl ki gaye toupatou nan komin men, kalite fòmasyon an pa bon sa lakòz timoun yo paka reyisi nan ekzamen Leta yo. Manke lekòl segondè se sèlman 3 ki genyen nan 62 lekòl komin nan genyen, anpil elèv paran yo pa gen mwayen pou voye lòt kote oblije kite lekòl. Anplis desa, pa gen lekòl pwofèsyonèl pou yo ta ale aprann yon metye pou itil tèt yo. Konsekans yo sitiyasyon sa yo pa bon menm pou avansman komin nan kote jèn sa yo rete ap fè kalewès, vagabonday, gwosès avan lè, elatriye.

Yon dènye mo sou domèn ekonomik lan pou n di : komin Bèdèyèn pa preske gen okenn sèvis leta k ap fonksyone ladan l. Apa eli lokal yo (Meri, KASEK ak ASEK) ki la epi ki pa gen okenn mwayen nan men yo, pa genyen okenn lòt branch nan leta santral la k ap fonksyone. Pa gen Tribinal depè, pa gen lapolis, pa gen biwo ofisye eta sivil. Gen yon aneks DGI ki la konsa, men li pa gen okenn kapasite pou ta kolekte taks nan tout komin nan. Kidonk, se yon komin ki lage pou kont li, kote tout moun ap naje pou soti. Men, nan 5 lane ki sòt pase yo gen yon gwo alemye ki pote nan zafè kominikasyon nan komin gras ak konpayi Natcom ak Digicel ki bay sèvis telefòn selilè.

3.2.4. *Resous ak difikilte yo*

Nan domèn sosyal la, komin nan gen kèk fòs ki idantifye epi ki te ka itilize pou pemèt popilasyon komin rale yon alemye. Men, gen anpil pikan kwenna ki anpeche popilasyon an itilize resous sa yo. Ann gade difikilte ak resous sa yo nan tablo piba-a.

Tablo 3.5 : *Resous ak difikilte nan sektè sosyal yo*

Resous yo	Difikilte yo
-Gen 62 lekòl primè -Gen resous moun ki ka travay kòm pwofesè	-Sèlman 3 nan yo gen klas segondè -Yo pa jwenn ase fòmasyon pou resikle yo (pa gen EFACAP nan komin nan)
-Gen anpil moun ki gen konesans sou remèd fèy -Chak seksyon gen yon dispansè kap travay pou bay premye swen	-Moun yo manke enfòm ak fòm sou zafè ijyèn -Dispansè pa gen ase pèsònèl ak materyèl pou yo ta fonksyone kòmsadwa -Estè Dere gen 1 sant sante ki konstui men ki pa janm gen pèsònèl pou l travay
-Gen kèk sous nan komin nan, sitou nan Rezèy	-Sous sa yo pa kapte, sa k te kapte yo klaze
-Genyen materyo ki te ka sèvi nan fè wout, bati kay pou mete lekòl ak sant sante, elatriye	-Pa gen mwayen pou achte lòt materyo ak ekipman, zòn nan pa genyen, pou ta fè enfrastrikti sa yo.
-Gen solèy ak van ki te ka sèvi pou bay enèji pou klere lakay moun yo, wout ak tout etablisman (kay) ki nan komin nan	-Pa gen mwayen lajan pou achte lòt ekipman yo ki pou te ka pemèt pou kapte enèji solèy ak van sa yo.

3.2.5. *Sa ki pi enpòtan ki pou ta fèt nan sektè sosyal la*

Nan sektè sosyal la gen plizyè aktivite ki te pwograme nan ansyen Plan-an tankou nan Ranje wout ak konstriksyon lekòl, men se sèlman anviwon 30 pousan nan bagay sa yo ki rive fèt epi ki pa menm fini. Toujou gen anpil priyorite nan moman-an pou reyalize aktivite sa yo, se konsa yo reparèt ankò nan nouvo Plan-an. Tablo ki piba-a bay detay sou sa ki te planifye yo, sa ki te rive fèt ak sa popilasyon an kenbe kòm priyorite pou yo nan moman-an.

Tablo 3.6 : Priyorite nan sektè sosyal la

<i>Sektè yo</i>	<i>Priyorite nan moman an</i>
-Edikasyon	-Konstui lekòl nasyonal nan Lasous ak Petits/Tiparadi -Repare lekòl nasyonal Rezèv (Mapou) ak Dodan -Fini ak konstriksyon Lise nan Bouk la -Kontui yon lise Dipre -Konstui lekòl pou aprann metye nan : Bouk la, Lasous, Sitèn Remi, ak Dipre -Konstui bibliyotèk ak sant animasyon kiltirèl nan : Boukla, Glasi, Sitèn Remi, Rezèv ak Dodan -Mete kanpe sant alfabetizasyon nan : Lestè Dere
-Sante	-Konstui yon lopital nan bouk la -Konstui yon Dispansè nan Platon Lestè -Fè fonksyone sant sante Lestè Dere -Mete pèsònèl kalifye (doktè, enfimyè) nan etablisman sante yo -Mete plis ajan sante nan dispansè yo -Fè fomasyon pou matwòn -Ekipè dispansè nan tout seksyon yo
-Dlo potab ak asenisman	-Kapte sous dlo nan : rezèv (5), Estè Dere (2) -Ranje sistèm dlo potab nan Hatdelis pou bay dlo nan bouk la -Mennen gwo kanpay sansibilizasyon pou fanmiy yo sèvi nan latrin
-Wout	-Repare wout Bèdeyèn - Bonbad -Repare Wout Bèdeyèn – Answouj -Repare wout Answouj – Doda'n -Pase men nan wout bouk Bèdeyèn – Doda'n
-Kouran	-Mete yon pwogram enèji kouran ak solèy lakay fanmiy yo
-Kominikasyon	-Fè demach pou mete antèn telefòn nan Estè Dere
-Espò ak lwazi	-Konstui yon teren foutbòl nan bouk la -Konstui yon sant kiltirèl nan bouk la

3.3. Kòman komin nan òganize epi jere

Nan atelye ki te fèt yo, gen anpil brase lide ak patisipan yo pou te rive byen konprann kijan komin nan òganize epi jere. Menm jan ak lòt sektè yo, te gen analiz ki fèt pou idantifye pwoblèm prensipal yo epi jwenn kòz yo ak konsekans yo genyen sou popilasyon komin nan. Apresa, pwoblèm yo klase nan lòd pou kapab gade kiyès nan yo ki ta dwe rezoud prese prese. Gen yon koudèy ki fèt tou sou sitiyasyon jeneral la pou gade ki konsta ki fèt sou jan zafè jesyon ak òganizasyon komin nan ap mennnen. Apre sa, gen yon gade ki fèt sou fòs komin nan epi sou difikilte ki anpeche popilasyon yo paka sèvi ak resous sa yo pou amelyore kondisyon lavi yo.

3.3.1. Analiz pwoblèm yo

Patisipan nan atelye yo te fè analiz pwoblèm sou jesyon ak òganizasyon komin nan. Lis pwoblèm nan chak sektè te drese epi analiz yo te fèt pou te rive jwenn manman pwoblèm lan. Apre patisipan yo te gade kibò pwoblèm sa yo soti (kòz yo) epi ki konsekans yo genyen sou popilasyon an. Se nan analiz sa tablo piba-a soti.

Tablo 3.7 : Analiz pwoblèm ki gen rapò ak òganizasyon ak jesyon komin nan

Sektè	Pwoblèm	Kòz	Konsekans	Solisyon
Jistis ak Sekirite	-Anpil vye zak malonèt ap fèt -Gen konfli pou kesyon tè	-Sistèm jistis la pap fonksyone -Pa gen lapolis -Pa gen tribinal depè -Pa gen notè piblik	-Popilasyon an ap viv nan la perèz -Volè ap fè lalwa -Pèp la bay tèt jistis -Gen anpil chire pit	-Konstui yon komisarya polis -Konstui tribinal depè - Mete kanpe biwo Eta sivil, notè piblik -Nome moun nan biwo yo pou fè yo fonksyone
Gouvènans	-Konsèy Meri, KASEK ak ASEK yo pa jwenn bon ankadreman bò kote Pouvwa Santral	-Pa gen resèt lajan ki fèt -Komin nan lage pou kont li -Ministè Enteryè pa bay bon sipò	-Eli lokal yo paka ranpli wòl yo komsadwa -Popilasyon pa jwenn bon sèvis	-Bay mwayen ak Meri epi KASEK / ASEK pou kapab travay -Mete yon ekip teknik pou akonpaye otorite lokal yo
Eta sivil	-Anpil timoun pa gen batistè	-Pa gen biwo eta sivil -Moun yo preske pa enterese vini paske yo konen batistè yo pap anrejistre	-Dwa timoun yo ap vyole paske yo pa gen batistè	-Refòme sistèm ki pou bay batistè yo -Bay ofisye eta sivil la tout ekipman pou li fè travay la komsadwa
Òganizasyon	-Kapasite òganizasyon yo fèb	-Pa gen tèt ansanm - chak moun vle genyen òganizasyon pa l -Manb yo pa byen fòme	-Òganizasyon ap pouse tankou djondjon -Pa gen anpil reyalizasyon ki fèt	-Sansibilize ak fòme manb òganizasyon yo sou wòl yo ta dwe jwe nan zafè devlopman-an -Bay mwayen ak komite risk ak dezaz pou yo kapab byen fonksyone -Idantifye espas pou moun regwoupe si gen yon katastwòf

3.3.2. Klasman difikilte / pwoblèm yo

Anpil diskisyon te fèt pou klase pwoblèm jesyon ak òganizasyon yo nan lòd. Moun ki tap patisipe nan chita tandè yo rive mete yo dakò sou jan pwoblèm yo ap klase youn apre lòt. Klasman sa-a te rive fèt konsa:

- a. Anpil vye zak malonèt ap fèt nan komin nan san pa gen otorite ki kapab mete yon fren ak sa.
- b. Dwa timoun ap vyole paske yo pa kapab jwen batistè ki anrejistre ki pou idantifye yo
- c. Meri, KASEK ak ASEK yo pa jwenn bon ankadreman bò kote Pouvwa Santral la
- d. Toujou gen bouch louvri sou kesyon konfli tè ak bèt ki lage nan manje jaden

3.3.3. Konsta / refleksyon sou sitiyasyon gouvènans nan

Aparèy jistis la ki genyen ladan l jij depè, lapolis, elatriye pa p fonksyone ditou nan komin Bèdèyèn. Komin nan pa gen lapolis, biwo eta sivil, tribinal depè, notè piblik, elatriye. Lè gen yon zak ki fèt se nan Bouk Jan-Rabel oubyen Mawouj (2e seksyon Mòl-Sen-Nikola) pou ale cheche Lapolis, anpil fwa yo paka vini. Sitiyasyon sa-a lage gwo latwoublay andedan popilasyon an kote chak moun degaje pou bay tèt yo jistis. Nan tout komin nan, pa ekzanp, depi yon bèt antre nan jaden yon moun y ap koupe tèt twoupo a paske moun ki viktim yo pa gen kote pou yo ale. Kidonk, konsta yo montre gen anpil zak malonèt ap komèt pi souvan epi gen anpil chire pit nan zafè tè, elvaj lib, elatriye paske pa gen otorite ki pou ta sèvi kòm abit.

Otorite lokal ki la yo tankou Konsèy Meri a, KASEK ak ASEK yo pa gen anpil otorite akòz yo pa jwenn sipò nan men Pouvwa santral la pou ede yo aplike politik yo. Pa gen yon bon biwo k ap byen fonksyone ni tou pa gen taks ki ranmase pou ta pèmèt yo bay yon minimòm sèvis ak popilasyon-an. An rezime, tout moun nan komin nan fè sa yo vle.

Yon lòt bo, anpil fanmiy sitou nan seksyon kominal yo pa pèdi tan pou al fè batistè pou timoun yo. Premyeman, ofisye Eta Sivil ki nan Bouk travay lakay li, li pa gen biwo ak materyèl, moun yo konnen menmsi yo vin fè batistè li pap bon paske li pap anrejistre nan Achiv nasyonal. Leta-a pa prezan, se chak koukouy klere pou je w. Se yon konsta konsa ka p ki devlope nan mantalite moun yo. Menm nan zafè òganizasyon, chak moun vle genyen pwòp òganizasyon pa yo, se sak fè genyen plis pase 80 òganizasyon kominotè nan komin nan.

3.3.4. Resous ak difikilte

Komin nan gen kèk moun ki kalifye menmsi yo pa anpil, ki te kapab travay pou gen yon pi bon jesyon ak òganizasyon. Resous (fòs) ki te kapab eksplwate se kapasite moun yo genyen pou reyini lòt moun, pou mete yo ansanm pou kanpe òganizasyon pi djanm ki ta dwe ale nan entèrè komin nan. Tablo piba-a bay atou sa yo ak difikilte ki akonpaye yo.

Tablo 3.8 : Resous ak difikilte nan zafè jesyon komin nan

Resous	Difikilte
-Anpil moun nan komin nan mete tèt ansanm pou mete kanpe 80 OKB	-Chak moun ap travay pou pwòp ti enterè pa l -Kapasite ak pèfòmans òganizasyon yo fèb anpil
-Gen espas ki vièj, li ta bon pou ta genyen yon Plan amenajman pou komin nan.	-Otorite lokal yo pa gen ni mwayen, ni moun kalifye ki pou fè yon travay konsa. Gouvènman santral oubyen ONG k ap travay nan komin nan ta kapab akonpaye yo nan reyalize yon travay konsa.

3.3.5. Sa ki pi enpòtan ki pou ta fèt nan kesyon jere ak gouvènè komin nan

Nan ansyen Plan seksyon yo preske pat gen anyen ki te pwograme sou kesyon jesyon ak òganizasyon seksyon yo. Kidonk, pa gen yon bilan vre ki kapab fèt. Men, gen plizyè aktivite ki se priyorite nan komin lan ki pwograme nan Plan sa. Tablo 3.9 la bay detay sou aktivite sa yo.

Tablo 3.9: Priyorite nan zafè jesyon ak òganizasyon komin nan

Sektè	Priyorite moman an
Jistis ak Sekirite	-Konstui biwo : komisarya, tribinal depè, eta sivil, notè piblik, elatriye -Bay andreman teknik ak materyèl ak biwo Meri ak KASEK yo fonksyone kòmsadwa -Mete lapolis ak plis jij depè nan komin nan
Gouvènans lokal	-Akonpaye otorite lokal pou fè marketing Plan-an, sa vle di pou fè konnen priyorite komin nan epi jwen lajan pou ekzekite pwojè ki nan Plan-an. -Sansibilize epi fòme manb kolektivite yo ak òganizasyon yo sou wòl yo dwe jwe nan devlopman komin nan
Eta sivil	-Refòme sistèm pou anrejistre timoun yo pou ba yo batistè -Bay ofisye eta sivil mwayen (biwo ak materyèl) pou kapab fè travay la byen
Òganizasyon lokal yo	-Fè fòmasyon pou lidè kominotè yo pou yo kapab pi byen konnen wòl yo

3.4. Anviwònman

Anviwònman se youn nan gran sektè ki gen anpil pwoblèm. Patisipan nan atelye yo te brase lide pou gade ki aksyon ki ta dwe fèt pou diminye konsta k ap fèt sou jan anviwònman an ap depafini. Konsa, anpil pale te fèt sou analiz pwoblèm yo, klase yo pou gade sa k dwe rezoud prese prese, tandans k ap degaje nan zafè anviwònman-an, resous ak difikilte ki genyen. Na p gade, pwèn sa yo nan pati piba-a nan dokiman an.

3.4.1. Analiz pwoblèm yo

Tablo piba-a bay detay sou pwoblèm prensipal ki te analize nan atelye ki fèt yo. Li prezante kòz pwoblèm sa yo, konsekans yo sou popilasyon Bèdeyèn lan epi ki pi bon solisyon ki kapab pote pou rezoud yo.

Tablo 3.10 : Analiz difikilte anviwònman yo

Sektè	Pwoblèm	Kòz	Konsekans	Solisyon
Anviwònman	-Tè yo fin ale nan lanmè	-Pye bwa ap koupe devan deyè pou fè chabon -Ewozyon -Move pratik nan travay tè yo tankou boule, kale mòn yo san yo pa fè konsèvasyon	-Jaden yo pa bay bon rannman -Grangou -Bèt ak jaden ale -Lamizè	-Sansibilize sou jesyon resous natirèl yo -Rebwaze ak konsève sòl nan tout komin nan
	-Mikwòb rantrè nan sous dlo yo	-Sous dlo yo pa pwoteje, sa vle di, yo pa bare, tè toupre yo pa konsève epi pa gen pyebwa ki plante	-Lavalas ap antre pote mikwòb -Zannimo ap rantrè vin bwè -Popilasyon an ap malada	-Bare sous yo pou zannimo paka rantrè -Konsèvasyon sòl ki toupre sous yo -Plante pye bwa toupre sous dlo yo
	-Sous dlo yo bese lè pa gen lapli	-Dlo lapli tonbe epi desann san yo pa rantrè nan tè pou ale nan sous yo	-Moun gen anpil pwoblèm pou jwenn dlo	-Fè kano kontou -Plante pyebwa
	-Moun yo ap koupe pyebwa tribò babò	-Pa gen anpil aktivite pou rantrè lajan	-Ewozyon ap ferye. Tè yo pa pwoteje -Dlo lapli koule ale olye li rantrè nan tè, sa ki pwovoke lavalas.	-Pwodui pyebwa ki vini rapid -Devlope aktivite ki pou pèmèt moun fè lajan (agrikilti, pèch, elatriye)

3.4.2. Klasman pwoblèm yo

Nan diskisyon ki te fèt yo, pwoblèm anviwònman te klase konsa:

- a. Akòz pwoblèm ekonomik, plis pase 80% plantè fè chabon omwen yon fwa nan ane-a. Pyewa ap koupe pasi pala pou fè chabon.
- b. Tè yo fin ale nan lanmè : Tè yo pa gen pyebwa sou yo pou pwoteje yo, lè lapli tonbe lavalas desann ak kouch tè ki ka donnen jaden.
- c. Dlo lapli paka antre nan tè-a pou al nan nap sous yo : Gen nan sous yo ki konn seche nan sezon ki pa gen lapli.

3.4.3. Konsta / refleksyon sou sitiyasyon anviwònman an nan komin nan

Popilasyon Bèdeyèn gen anpil pwoblèm ekonomik, sa vle di aktivite ekonomik tankou jaden, elvaj, kòmes ak pèch manke devlope. Konsa, aktivite fè chabon ap vale teren. Kote ki pa gen pye bwa ankò yo rache rasin yo pou fè chabon. Sitiyasyon sa lakoz tè yo fin degrade epi paka bay bon rannman. Konnye-a kòm pa gen ase pye bwa epi move pratik moun yo ap fè sou tè yo tankou sakle pou plante nan gwo pant, lè gen move tan, siklòn ak inondasyon, moun ak bèt rive pèdi lavi yo epi anpil jaden detui.

Kidonk, pwoblèm anviwònman yo makonnen ak move pratik nan jere resous natirèl yo. Pa genyen okenn teknik konsèvasyon sòl ki itilize lè moun yo ap travay tè-a. Okontrè, gen move pratik kap rapousiv paske chak ane lè yo sekle tè yo, yo boule pay yo ki louvri pòt pou ewozyon taye banda pi plis epi fè dega. Poutan, gen teknik pou anpeche tè yo ale nan lanmè ki te ka fèt avek pay yo. Pay yo te ka ranje an lin nan menm wotè nan mòn yo pou anpeche lavalas desann ak tè yo.

Sitiyasyon anviwònman nan komin Bèdeyèn lan pa bon menm pou plizyè rezon: pifò nan tè se mòn sa vle di yo pi fasil pou lavalas desann ak yo si yo pa pwoteje; plantè yo pa travay ak teknik pou konseve tè yo; epi, pyebwa ap koupe pasi pala san pa gen yon pwogram rebwazman ki mete anplas. Konsta yo montre anviwònman komin lan ap anpire pi plis jou apre jou. Nan seksyon yo kote te gen yon plan ki t ap ekzekite pandan 5 lane ki sòt pase yo pa vreman genyen amelyorasyon nan sektè anviwònman an. Gen nan Plan yo tou ki pat prevwa gran chòz pou fè nan anviwònman an.

3.4.4. Resous ak difikilte

Bèdeyèn gen yon klima ki difisil anpil, men gen seksyon tankou Rezèv, yon pati nan Doda'n ak Estè Dere kote sitiyasyon te ka pi bon. Gen difikilte klima yo ak sitou move pratik popilasyon an ki anpeche sitiyasyon vin pi bon. Anpil aktè pa jwe wòl yo nan ankadre popilasyon an pou yo ta byen konprann konsekans move pratik yo genyen sou resous yo e sou la vi yo. Tablo piba-a bay kèk nan resous (fòs) komin nan genyen ak difikilte ki anpeche resous itil tout bon vre.

Tablo 3.11 : Resous ak difikilte anviwònman komin nan

Resous -fòs	Difikilte
-Gen materyo disponib pou fè travay pou anpeche ewozyon pote tè yo ale	-Moun yo pa gen labitid pou fè travay sa yo, anpil plantè pa konnen kijan pou yo fè yo
-Gen plizyè espès plant ki fini byen nan anpil kote nan komin lan, tankou banbou ak rakèt, ki ka itilize nan travay konsèvasyon sòl ak dlo	-Moun yo manke plante plant sa yo. Yo pa gen teknik tou pou plante yo sou lin nan mòn yo, pou dlo a ka rantre nan tè yo
-Gen anpil tè ki te reprann eskap figi yo	-Moun yo pa twò enterese pou plante pyebwa paske yo plis itilize tè yo pou plante ak lage zannimo. Gen elvaj lib ki bay anpil pwoblèm nan peryòd ki gen jaden

3.4.5. Sa ki pi enpòtan ki pou ta fèt nan zafè anviwònman nan komin lan

Nan kesyon anviwònman pat genyen anpil aktivite ki te pwograme nan ansyen Plan-an. Nan 2 sa ki te planifye yo, anviwon 50% fèt nan yo. Nan pwoteksyon basen vèsan (mòn yo) te gen aktivite ki te fèt avek AAA men gen anpil lòt zòn degrade anyen pa fèt nan yo. Pou konsèvasyon sòl nan zòn ki pi degrade yo, se sèlman 2 sous ki Ranje nan entèvansyon ki te fèt yo. Tablo piba-a bay detay sou priyorite komin nan pou 5 lane ka p vini yo.

Tablo 3.12 : Priyorite moman-an nan zafè anviwònman

Sektè	Priyorite yo
-Anviwònman	-Sansibilizasyon sou jesyon resous natirèl yo nan tout komin lan -Rebwaze ak konsève sòl ak dlo nan tout komin lan -Koreksyon ravin nan zòn ki degrade anpil : Estè Dere, Rezèv, Doda'n ak Sitèn Remi -Idantifye Basen vèsan ki pi mal nan komin lan -Amenaje Basen Vèsan ki pi mal yo -Mete kanpe pepinyè andedan 4 seksyon yo.

Pati 4 :
Vizyon ak Objektif Plan an

4. Vizyon ak direksyon Plan an ta dwe pran

4.1.Vizyon

Pou lane k ap vini yo, moun nan komin Bèdeyèn ta renmen wè y ap viv tankou moun kote gen sekirite, y ap viv san laperèz epi mennen aktivite pou jwenn lajan pou viv byen ak fanmiy yo. Pou sa rive fèt fòk :

- Fanmiy yo ap mennen aktivite k ap pèmèt yo rantre lajan tankou: aktivite agrikòl k ap byen mache, elvaj, komès, pèch, atizana, elatriye
- Fanmiy yo jwenn bon jan sèvis pou yo kapab viv byen an tankou: sante, edikasyon, wout pou deplase, mwayen pou moun yo detann yo, lajistis, eta sivil, elatriye
- Anviwonman kòmanse reprann eskap figi l epi li sispann ap depafini jou apre jou.

4.2.Direksyon enpòtan yo

Si pou vizyon sa ki se yon rèv vin tounen reyalitye, men chemen ki ta dwe pran :

- Nan kesyon ekonomik yo, fòk gen bon jan estrikti ki mete anplas pou rive bay aktivite yo jarèt. Nan sans sa, fòk gen mwayen pou fè jaden yo donnen plis, pou fè bèt bay plis vyann, fè pechè yo kenbe plis pwason. Fòk gen mwayen tou pou pèmèt moun yo byen konsève pwodui yo ak vann yo pou yo ka tire pwofi de yo ;
- Nan domèn sosyal yo, popilasyon an dwe jwenn sèvis li bezwen pou l rive viv tankou moun. Konsa, fòk gen bon jan lekòl pou timoun yo, bon swen lasante pou tout moun, jwenn bon dlo pou bwè, jwenn limyè ak mwayen pou detann yo ;
- Sou kesyon jesyon komin nan, dwe genyen bon jan biwo leta ki gen moun ki kapab bay popilasyon an sèvis. Fòk eli lokal yo jwenn bon jan apui teknik finansye nan men leta santral la pou yo jwe wòl yo komsadwa;
- Fòk pa gen malè pandye sou komin nan lè katastròf natirèl. Poutèt sa, fòk gen bon jan mezi ki pran pou refè anviwonman an.

4.3.Objektif prensipal

Nan senk (5) lane k ap vini yo, plan sa dwe pèmèt kondisyon lavi moun k ap viv andedan kat (4) seksyon kominal yo ak nan mitan bouk komin Bèdeyèn amelyore, lè y ap gen plis mwayen lajan nan men yo, plis sèvis leta tankou sekirite, swen sante, edikasyon ak pi bon kondisyon nan anviwonman an.

4.4.Objektif sektè yo

Pou rive reyalize objektif prensipal la, chak sektè yo dwe pote kontribisyon pa yo, kise :

- Devlope pwodiksyon (agrikòl, elvaj, pèch, atizana, elatriye) ak fè komès toupato nan komin nan yon fason pou moun yo ka gen lajan nan men yo ;
- Pèmèt popilasyon komin Bèdèyèn nan jwenn sèvis tankou ledikasyon, swen sante, dlo potab, wout , limyè, asenisman, lwazi ak espò ;
- Rive pèmèt komin Bèdèyèn nan gen yon pi bon jesyon gras ak biwo leta yo (pòs polis, tribinal, eta sivil, elatriye) k ap mete kanpe nan komin nan ;
- Amelyore kondisyon anviwònman an pou pèmèt moun yo gen mwens malè pandye sou tèt yo lè peryòd katastròf natirèl rive.

✓ Objektif espesifik yo

Nan domèn ekonomik

- Pote apui teknik, materyèl ak kredi bay plantè yo pou yo ka rive ogmante pwodiksyon agrikòl la;
- Amelyore kondisyon pou transfòmè, konsève epi vann pwodui yo nan komin nan ,
- Bay apui teknik ak materyèl pou elvaj la ka fèt pi byen epi pèmèt elvè yo fè plis lajan ;
- Ranfòse kapasite teknik ak finansye pechè yo nan komin nan pou yo ka pran plis pwason, jwenn mwayen pou byen konsève yo epi vann pou fè plis lajan ;
- Bay apui ak moun k ap pwodui sèl yo pou kapab fè plis benefis
- Mete kanpe estrikti (mache, wout, elatriye) k ap pèmèt yo vann pwodui yo pi fasil ak pi bon pri ;
- Bay apui teknik pou devlopman atizana lokal la ;
- Pote apui pou aktivite touris lan ka devlope nan komin nan.

Nan domèn sosyal yo

- Fasilite plis timoun al lekòl, pèmèt yo resevwa yon kalite edikasyon ki pi bon epi kontinye etid nan komin nan apre sizyèm ane yo,
- Mete mwayen pou tout moun nan komin nan ka jwenn premye swen sante yo.
- Bay apui pou moun yo ka jwenn bon jan kalite dlo pou yo sèvi,
- Ede jèn yo devlope nan mete mwayen nan komin nan pou yo amize yo ,

- Mete kanpe enfrastrikti pou pèmèt moun gen limyè nan tout seksyon kominal ki nan komin nan.

Nan kesyon jesyon komin nan

- Krete kondisyon pou gen sekirite nan tout komin nan ,
- Mete kanpe estrikti pou pèmèt otorite komin nan fè fas ak katastròf natirèl yo,
- Pote apui teknik bay eli lokal yo,
- Pèmèt komin nan rantre lajan nan kès li

Nan domèn anviwonman

- Mete kanpe aktivite k ap pèmèt pwoteje resous natirèl yo pou pa fin depafini
- Sansibilize popilasyon nan komin nan sou pwoblèm anviwonman an ak danje sa genyen.

Tablo 4.1 : Pwogram k ap pèmèt vizyon-an tounen reyalite

Gran pwèn kap rapousuiv nan Plan an	Objektif sektè yo	Objektif espesifik yo	Rezilta espere	Aktivite ki gen pou fèt yo
1. Ranfòse aktivite ekonomik yo	1.1. Devlope aktivite agrikòl, lèlvaj lapèch, atizana ak touris nan komin nan 1.2. Mete kanpe sistèm kredi ak enfrastrikti k ap pèmèt komès la devlope 1.3. Bay mwayen pou transfòmasyon ak konsève pwodui agrikòl yo	1.1.1. Travay pou fè pwodiksyon agrikòl, elvaj, lapèch, atizana ak touris bay plis pwofi	- Pwodiksyon agrikòl la ak revni yo ogmante	- Konstui epi repare sistèm irigasyon - Mete kanpe boutik pou vann entran agrikòl - Fè fòmasyon teknik pou agrikiltè yo
			- Bèt yo bay plis vyann ak plis lèt	- Achte epi distribiye ras bèt ki ka bay plis rannman - Konstui abrevwa pou bèt yo - Fòmasyon ajan veterinè pou ranfòse GSB yo nan komin nan - Fòmasyon elvè yo sou kòman pou yo prepare manje bèt
			- Gen plis pwodui lapèch ki bay pechè yo plis kòb	- Mete kanpe yon boutik pou vann materyèl pou lapèch
			- Atizana ak touris pran jarèt nan komin epi patisipe nan revni moun yo	- Fè fòmasyon sou atizana lokal - Ranje plaj ak so dlo yo: Gwo Rezen, Lasous, elatriye - Fè fòmasyon pou jèn yo sou jesyon aktivite touris
		1.2.1. Konstui wout, mache ak mete sistèm kredi pou machann yo	- 5 mache konstui nan komin nan	- Konstui mache nan komin nan - Konstui epi repare wout
			- Plizyè kilomèt wout konstui ak repare	- Mete kanpe epi fè fonksyone 5 sant kredi
			- Plizyè ti sistèm kredi rive pran pye nan komin nan	- Fè fòmasyon pou ti machann yo - Konstui yon magazen kominotè - Fè fòmasyon sou jesyon pou machann yo
		1.3.1. Mete izin pou transfòmasyon pwodui agrikòl ak mwayen pou konsève yo	- 3 sant transfòmasyon grenn konstui epi ekipe	- Mete kanpe sant pou transfòmasyon pwodui agrikòl yo - Konstui yon chanb fwad pou konsève pwason
			- Yon chanb fwad pou konsève pwason konstui epi ekipe.	- Fè fòmasyon pou moun yo sou transfòmasyon ak konsèvasyon pwodui agrikòl ak lapèch
2. Amelyore kondisyon lavi moun yo nan komin Bèdèyèn	2.1. Rann sèvis de baz yo (edikasyon, sante, dlo pou bwè, lwazi, kominikasyon) disponib pou popilasyon nan komin nan	2.1.1. Kreye mwayen pou tout timoun al lekòl epi aprann nan bon kondisyon	- Elèv yo jwenn lokal ak ban pou yo travay nan klas - Elèv yo ka kontinye etid segondè oswa pwofesyonèl yo nan komin nan, san yo pa bezwen deplase	- Konstui ak repare 9 lekòl primè nan plizyè seksyon - Konstui 3 lise nan komin nan - Konstui 3 sant pwofesyonèl - Fòmasyon pou pwofèsè yo
		2.1.2. Montre granmoun yo siyen non yo	- Pwofèsè lekòl primè ak segondè pi byen fòm pou fè kou yo	- Mete kanpe 3 bibliyotèk nan komin nan - Mete kanpe 5 sant alfabetizasyon nan komin nan

Gran pwen kap rapousuiv nan Plan an	Objektif sektè yo	Objektif espesifik yo	Rezilta espere	Aktivite ki gen pou fèt yo
Amelyore kondisyon lavi moun yo nan komin Bèdèyèn (rapouswiv)	Rann sèvis de baz yo (edikasyon, sante, dlo pou bwè, lwazi, komunikasyon) disponib pou popilasyon nan komin nan (rapouswiv)		- Plis elèv nan komin nan reyisi nan ekzamen leta yo	
		2.1.3. Pèmèt tout moun nan komin nan kapab viv an sante oswa jwenn lasante san yo pa bezwen deplase pou ka ki pa grav yo	- Moun yo jwenn premye swen sou plas epi kapab deplase al nan yon pi gwo lopital si ka a mande sa - Gen mwens ka epidemi nan komin nan	- Konstui, repare epi ekipe sant sante nan komin nan - Achte machin pou transpòte malad ki grav yo - Mennen kanpay sansibilizasyon sou liyèn - Mete kanpe famasi ki gen medikaman ki pi enpòtan yo
		2.1.4. Kreye kondisyon pou moun nan komin jwenn bon dlo pou yo sèvi san kontaminasyon	- Moun yo jwenn bon dlo trete pou yo sèvi nan komin nan - Gen mwens ka maladi moun pran nan bwè move dlo	- Kapte sous, bay tiyo epi trete dlo yo - Konstui sitèn famiyal ak sitèn piblik nan komin nan - Konstui latrin pou fanmiy yo - Fè fòmasyon ak sansibilizasyon sou trètman dlo
		2.1.5. Bay jèn yo mwayen pou fè espò ak detann yo	- Jèn yo fè espò epi rete an sante - Gen mwens delenkans paske jèn yo gen kote pou al amize yo	- Konstui teren foutbòl pou jwe foutbòl ak tout lòt espò yo
		2.1.6. Pèmèt moun nan komin nan kominike ak moun lòt kote	- Moun yo konn sèvi ak mwayen komunikasyon tounèf yo	- Mete kanpe estasyon radyo kominotè - Mete kanpe sibèkafe nan komin nan - Mete kanpe sant kiltirèl nan komin nan
3. Ranfòse fason komin nan ap jere	3.1. Rive fè yon pi bon jesyon komin nan	3.1.1. Pèmèt biwo leta gen lokal ak moun pou jere yo 3.1.2. Fòme epi ankadre eli lokal yo 3.1.3. Mete kanpe komite ki ka pote sekou lè gen dezaz	- Moun yo jwenn bon jan sèvis nan men leta nan komin nan - Moun yo jwenn sekou lè gen katastròf natirèl	- Konstui biwo leta yo, ekipe yo epi mete moun ki fòme pou jere yo - Fè fòmasyon pou eli lokal yo - Monte yon komite jesyon risk ak dezaz
4. Anpeche anviwonman an fin depafini nèt	4.1. Mennen aksyon pou refè eskap figi anviwonman	4.1.1. Fè sansibilizasyon sou pwoteksyon anviwonman an 4.1.2. Mennen aksyon pou pwoteje tè ak dlo	- Moun yo pran konsyans sou pwoblèm anviwonman epi pran angajman pou pwoteje l - Sous yo vin gen plis dlo nan peryòd lapli pa tonbe	- Mennen kapay sansibizasyon sou kesyon anviwonman - Mete kanpe pepinyè epi plante pye bwa - Fòme plantè yo sou teknik konsèvasyon sòl - Reyalize travay konsèvasyon sòl ak pwoteksyon ravin

Gran pwen kap rapousuiv nan Plan an	Objektif sektè yo	Objektif espesifik yo	Rezilta espere	Aktivite ki gen pou fèt yo
	an	sou basen vèsan yo		nan tèt sous yo - Pwoteje tèt sous yo

Pati 5 :
Pwogram pou yon dire Senkan
Aksyon ak Lajan ki planifye

5. Pwogram Senkan – Plan Envestisman an

5.1. Pwogram pou senkan (5 lane)

Planifikasyon-an se yon etap ki enpòtan anpil nan mete anplas yon Plan Devlopman paske se nan li tout pwogram ak pwojè yo ye. Se ekzekisyon pwogram ak pwojè yo k ap pèmèt rezoud pwoblèm ki te idantifye nan chapit 3 Plan sa. Yon lòt bò, se nan planifikasyon-an tout lajan planifye pou reyalize aktivite pwojè yo. Se konsa nan paj annapre yo gen yon tablo ki prezante yon pwogram pou senkan (5 lane) epi bay detay sou kòman sa ta dwe fèt. Tablo sa-a prezante tout aksyon ki ta dwe fèt yo, ki soti toudrèt nan direksyon ak objektif Plan-an, jan sa te fèt nan chapit 4 la.

Chapit sa gen kat (4) pati ladan l ki bay detay sou lajan ki ta dwe genyen pou ekzekite kòmsadwa Plan-an pou 5 lane. Pati sa yo nan dokiman kapab eksplike konsa :

- i. Jan sa planifye nan tablo 5.1, genyen yon premye pati ki bay planifikasyon-an pou yon dire 5 lane. Nan tablo sa-a gen detay sou jan aksyon yo ta dwe dewoule. Premyeman, aksyon yo regwoupe pa sektè epi gen presizyon ki bay sou kantite-a, konbyen youn ap koute, kibò lap fèt, nan ki lane, konbyen lajan ki ta dwe soti lòt kote paske pifò lajan ka p genyen pou reyalize aktivite pwojè yo pap soti anndan komin nan, ak kijan moun ka p viv nan komin nan ta dwe pote bourad pou fasilite aktivite pwojè nan Plan-an reyalize pi fasil.
- ii. Dezyèm pati-a (tablo 5.2) bay yon planifikasyon pou premye ane-a ki soti nan tablo 5.1-a. Nòmalman ta dwe gen yon planifikasyon pou chak ane yo, men kòm ka genyen kèk diferans apre premye ane-a fin ekzekite, li toujou bon pou Plan investisman dezyèm ane-a fèt apre Plan investisman premye ane fin ekzekite sa ap pèmèt pou mete nan Plan dezyèm ane-a sak pat gentan fèt nan premye ane-a. Tablo 5.2-a prezante aksyon ki gen pou fèt yo pa sektè epi bay detay sou kantite-a, sou pri chak aksyon ap koute, kibò aktivite yo ap fèt epi li presize nan ki trimès nan lane-a ki planifye pou chak aksyon fèt.
- iii. Twazyèm pati-a prezante lis pwogram ak pwojè ki pi enpòtan yo. Li bay tou prensipal aktivite popilasyon an panse ki ta dwe genyen andedan chak pwojè. Konsa douz (12) program ki gen sinkant (50) lide pwojè enpòtan ki te rive idantifye pou ekzekite nan Plan Devlopman tout seksyon nan komin Bèdèyèn. Tablo-a endike tou lajan ki gen pou depanse chak ane pou chak pwogram ak pwojè. Li bay yon lide sou enpòtans chak pwojè genyen nan je kominote-a pandan yo klase nan lòd selon priyorite yo genyen.
- iv. Dènye pati-a chapit la bay yon tablo ki prezante yon rezime sou kantite lajan 12 pwogram yo ap koute. Men gen kalkil ki fèt tou pou konnen konbyen Plan-an ap koute ki se lajan pwogram yo ap koute plis lajan ki planifye pou fè swivi ak evalyasyon (5% lajan pwogram yo ap koute). Apresa, gen patisipasyon kominotè – lajan k ap genyen pou reyalize aktivite yo, yo pap jwenn li nan Bèdèyèn paske komin nan pa gen taks ki ranmase pou ta bay kantite lajan sa-a. Men gen patisipasyon kominotè-a ki enpòtan anpil nan reyalize aktivite yo. Se konsa, moun nan chak seksyon kominal ak nan bouk la kote pwogram sa yo pral ekzekite, ap genyen pou bay patisipasyon pa yo nan preske tout sa k ap gen pou fèt.

Patisipasyon sa-a se 10 pousan lajan Plan-an ap koute, moun yo ap kapab bay li sou plizyè fòm : materyo lokal, patisipe nan kèk travay kominotè tankou plante pyebwa, mete anplas enfrastrikti pou pwoteje tè, nan fouye twou pou fè latrin, elatriye.

Fòk nou di tou, kalkil ki fèt pou mete pri sou aktivite yo soti plizyè kote / sous : gen nan yo se moun ki nan domèn lan ki ède ekip AG-a fè kalkil yo, gen lòt se ak eksperyans ki deja fèt nan zòn lan, sa vle di nou enfòme sou kantite lajan yon pwojè te koute epi nou fè estimasyon pa nou. Pafwa tou se moun oswa enstitisyon ki te reyalize pwojè-a ki ban nou kantite lajan li te koute. Genyen pou kèk aktivite se mete ansanm plizyè enfòmasyon ki bay yon lide sou kantite lajan l ap koute.

Tablo 5.1 : Pwogram pou yon dire senkan – Aksyon ak lajan nesèsè

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kote aksyon ap fèt	Kijan planifikasyon ap fèt (Ane)					Lajan ki pwograme (Goud)	
						A1	A2	A3	A4	A5	Lajan kap soti deyò	Patisipasyon kominotè
Sektè Ekonomik												
Agrikil ti				41,125,000							38,512,500	2,612,500
	Konstui sistèm irigasyon	2	6,000,000	12,000,000	Lestè Dere ak Sistèn Remi	1	1				10,800,000	1,200,000
	Ranfòse sistèm irigasyon	1	4,000,000	4,000,000	Rezèv	1					3,600,000	400,000
	Mete kanpe boutik entran agrikòl	3	1,575,000	4,725,000	Rezèv, Lestè Dere, Dodàn	1	1	1			4,252,500	472,500
	Mete kanpe pwogram kredi pou plantè	3	5,000,000	15,000,000	Tout seksyon yo ak Bouk la	1	1	1	1	1	15,000,000	0
	Ankadreman teknik pou plantè yo	4	1,350,000	5,400,000	Tout seksyon yo ak Bouk la	1	1	1	1	1	4,860,000	540,000
Elvaj				11,555,000							10,399,500	1,155,500
	Vini ak ras amelyore	3	1,375,000	4,125,000	Dodàn, Rezèv ak Lestè Dere	3					3,712,500	412,500
	Ranfòse GSB yo (fòmasyon, famasi veterinè...)	4	1,100,000	3,300,000	Tout seksyon yo	1		1		1	2,970,000	330,000
	Bay apui pou elvaj volay	1	1,330,000	1,330,000	Rezèv		1				1,197,000	133,000
	Bay apui pou pwodui manje bèt	2	525,000	1,050,000	lestè Dere ak Rezèv		1	1			945,000	105,000
	Konstui abrevwa pou bèt	1	1,750,000	1,750,000	Lestè Dere		1				1,575,000	175,000

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kote aksyon ap fèt	Kijan planifikasyon ap fèt (Ane)					Lajan ki pwograme (Goud)	
						A1	A2	A3	A4	A5	Lajan kap soti deyò	Patisipasyon kominotè
Pèch				1,375,000							1,237,500	137,500
	Mete kanpe yon boutik pou vann pwodui pou lapèch	1	700,000	700,000	Bouk, Lestè Dere ak Sitèn Remi	1					630,000	70,000
	Mete kanpe chanb fwad pou konsève pwodui pèch yo	1	300,000	300,000	Lestè Dere			1			270,000	30,000
	Bay ankadremman teknik ak pechè yo ak kredi	50	7,500	375,000	Bouk, Lestè Dere ak Sitèn Remi	25	25				337,500	37,500
Komès ak transfòmasyon pwodui yo				19,350,000							17,415,000	1,935,000
	Konstui mache piblik	2	3,300,000	6,600,000	Bouk, Rezèv	1	1				5,940,000	660,000
	Konstui magazen Kominotè	2	1,500,000	3,000,000	Rezèv, Lestè Dere		2				2,700,000	300,000
	Enstale moulen pou grenn	1	750,000	750,000	Rezèv	1					675,000	75,000
	Mete pwogram kredi pou ti machann	3	3,000,000	9,000,000	Bouk la ak tout seksyon yo		1	1	1		8,100,000	900,000
Atizana ak touris				7,700,000							6,930,000	770,000
	Apiye atizana lokal la	3	1,450,000	4,350,000	Dodàn, Lestè Dere, Rezèv			1	1	1	3,915,000	435,000
	Ankouraje pwodiksyon ak transfòmasyon banbou	2	1,175,000	2,350,000	Lestè Dere ak Rezèv	1	1				2,115,000	235,000
	Anenaje plas pou	1	1,000,000	1,000,000	Lestè Dere	0.25	0.25	0.25	0.25		900,000	100,000

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kote aksyon ap fèt	Kijan planifikasyon ap fèt (Ane)					Lajan ki pwograme (Goud)	
						A1	A2	A3	A4	A5	Lajan kap soti deyò	Patisipasyon kominotè
	touris											
Total sektè Ekonomik				81,105,000							74,494,500	6,610,500
Sektè Sosyal												
Edikasyon				143,500,000							129,150,000	14,350,000
	Konstui ak ekipe lekòl nasyonal	7	8,500,000	59,500,000	Bouk la ak tout seksyon yo	1	2	1	2	1	53,550,000	5,950,000
	Repare lekòl nasyonal	2	1,000,000	2,000,000	Lestè Dere (Platon) ak Dodàn	2					1,800,000	200,000
	Konstui ak ekipe lise	3	11,000,000	33,000,000	Nan bouk la, Rezèv ak nan Lestè Dere	1			1	1	29,700,000	3,300,000
	Konstui ak ekipe sant pou moun aprann metye	3	10,000,000	30,000,000	Sitèn Remi, Lestè Dere, Rezèv			1	1	1	27,000,000	3,000,000
	Mete kanpe sant alfabetizasyon	5	200,000	1,000,000	Lestè Dere	1	1	1	1	1	900,000	100,000
	Fòm ak resikle mèt yo	1	5,000,000	5,000,000	Tout komin nan	0.2	0.2	0.2	0.2	0.2	4,500,000	500,000
	Apui pou founiti ak materyèl eskolè/Bibliyotèk	4	3,250,000	13,000,000	Dodàn, Sitèn Remi, Lestè Dere, Bouk la	1	1	1	1		11,700,000	1,300,000
Sante				19,500,000							17,550,000	1,950,000
	Konstui ak ekipe sant sante	5	3,500,000	17,500,000	Dodàn, Sitèn Remi, Rezèv ak Lestè Dere, Bouk	1	1	1	1	1	15,750,000	1,750,000
	Mennen kanpay sou ijyèn pou	1	1,000,000	1,000,000	Tout komin nan	0.2	0.2	0.2	0.2	0.2	900,000	100,000

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kote aksyon ap fèt	Kijan planifikasyon ap fèt (Ane)					Lajan ki pwograme (Goud)	
						A1	A2	A3	A4	A5	Lajan kap soti deyò	Patisipasyon kominotè
	anpeche maladi											
	Mete pwogram fòmasyon pou matròn ak ajan sante	2	500,000	1,000,000	Tout komin lan	0.2	0.2	0.2	0.2	0.2	900,000	100,000
Dlo potab ak asenisman				31,450,000							28,305,000	3,145,000
	Konstui sistèn piblik dlo potab la	1	4,000,000	1,200,000	Bouk la						1,080,000	120,000
	Kapte sous	12	250,000	3,000,000	Lestè Dere, Rezèv, Dodàn	2	2	2	3	3	2,700,000	300,000
	Pwoteje sous yo ak sansibilize moun yo	1	1,000,000	1,000,000	Lestè Dere, Rezèv, Dodàn	0.2	0.2	0.2	0.2	0.2	900,000	100,000
	Konstui Sitèn familyal	500	34,400	17,200,000	Bouk, Sitèn Remi ak Estè Dere	100	100	100	100	100	15,480,000	1,720,000
	Konstui latrin	3500	7,500	26,250,000	Tout komin lan	700	700	700	700	700	23,625,000	2,625,000
Enfrastrikti kominikasyon ak limyè				42,000,000							37,800,000	4,200,000
	Konstui wout agrikòl	15	100,000	1,500,000	Dodàn, Rezèv, Lestè Dere			5	5	5	1,350,000	150,000
	Repare wout Bèdeyèn-Answouj-Doda'n	60 km	500,000	30,000,000	Tout komin nan	12	12	12	12	12	27,000,000	3,000,000
	Mete lanpadè nan lari	100	100,000	10,000,000	Tout komin nan	20	20	20	20	20	9,000,000	1,000,000
	Mete estasyon radyo nan Bouk la	1	500,000	500,000	Nan bouk la				1		450,000	50,000

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kote aksyon ap fèt	Kijan planifikasyon ap fèt (Ane)					Lajan ki pwograme (Goud)	
						A1	A2	A3	A4	A5	Lajan kap soti deyò	Patisipasyon kominotè
Espò ak lwazi				10,500,000							9,450,000	1,050,000
	Konstui teren fouthòl ak voley- ball	6	250,000	1,500,000	Lestè Dere, Rezèv, nan bouk la			2	2	2	1,350,000	150,000
	Konstui plas piblik	3	1,500,000	4,500,000	Lestè Dere, Rezèv, nan bouk la			1	1	1	4,050,000	450,000
	Konstui sant kiltirel ak sibèkafe epi sinema	3	1,500,000	4,500,000	Lestè Dere, Rezèv, nan bouk la			1	1	1	4,050,000	450,000
Total Sosyal				246,950,000							222,255,000	24,695,000
Gouvènans lokal	Konstui konpleks pou mete biwo leta yo	5	11,000,000	55,000,000	Tout kominan	1	1	1	1	1	49,500,000	5,500,000
	Fè fòmasyon pou eli lokal yo	5	100,000	500,000	Tout kominan	1	1	1	1	1	450,000	50,000
	Mete kanpe komite lit kont dezas epi fè fòmasyon pou yo	5	500,000	2,500,000	Tout kominan	1	1	1	1	1	2,250,000	250,000
Total Gouvènans lokal				58,000,000							52,200,000	5,800,000
Anviwonman	Sansibilizasyon sou kesyon anviwonman	5	350,000	1,750,000	Tout kominan	1	1	1	1	1	1,575,000	175,000
	Pwodui ak plante pyebwa	4	4,000,000	16,000,000	Tout seksyon yo	1	1	1	1		14,400,000	1,600,000
Total sektè anviwonman				17,750,000							15,975,000	1,775,000
Total tout sektè yo				403,805,000							364,924,500	38,880,500

PLAN LAJAN POU PREMYE ANE-A
KOMIN BÈDEYÈN

Tablo 5.2 : Plan lajan ki nesesè pou 1^e ane-a

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kibò aksyon ap fèt	Trimès			
						T1	T2	T3	T4
Sektè ekonomik	Konstui ak repare sistèm irigasyon	2	3,000,000	6,000,000	Rezèv ak Lestè Dere		x	x	x
	Ranfòse sistèm irigasyon	1	4,000,000	4,000,000	Sitèn Remi				
	Mete kanpe boutik entran agrikòl	1	1,575,000	1,575,000	Dodàn	x	x		
	Mete kanpe pwogram kredi pou plantè	1	5,000,000	5,000,000	Bouk, Sitèn Remi		x	x	x
	Ankadreman teknik pou plantè yo	1	1,350,000	1,350,000	Tout seksyon yo	x	x	x	x
	Vini ak ras amelyore	3	1,375,000	4,125,000	Dodàn, Lestè Dere ak Rezèv			x	x
	Ranfòse GSB yo (fòmasyon, famasi veterinè...)	1	1,100,000	1,100,000	Tout seksyon yo		x	x	
	Mete kanpe yon boutik pou vann pwodui pou lapèch	1	700,000	700,000	Bouk la		x	x	x
	Bay ankadreman teknik ak pechè yo sou zafè jesre kredi	25	7,500	187,500	Lestè Dere	x	x		
	Konstui mache piblik	1	3,300,000	3,300,000	Bouk		x	x	x
	Enstale moulen pou grenn	1	750,000	750,000	Rezèv				x
	Anenaje plas pou touris	0.25	1,000,000	250,000	Bouk la			x	x
Total Sektè ekonomik				29,437,500					
Sektè sosyal	Konstui ak ekipe lekòl nasyonal	1	8,500,000	8,500,000	Dodàn				
	Repare lekòl nasyonal	2	1,000,000	2,000,000	Bouk la			x	x
	Mete kanpe sant alfabetizasyon	1	200,000	200,000	Lestè Dere			x	
	Fòm ak resikle mèt yo	0.2	5,000,000	1,000,000	Tout komin nan	x	x	x	x
	Apui pou founiti ak materyèl eskolè/Bibliyotèk	1	3, 250,000	3,250,000	Dodàn ak bouk la	x			

Sektè	Aksyon	Kantite	Pri pou youn (Goud)	Pri Total (Goud)	Kibò aksyon ap fèt	Trimès			
						T1	T2	T3	T4
	Konstui ak ekipe sant sante	1	3,500,000	3,500,000	Bouk la ak Sitèn Remi	x	x	x	x
	Mennen kanpay sou liyèn pou anpeche epidemi maladi	0.2	1,000,000	200,000	Tout komin nan	x	x	x	x
	Mete pwogram fòmasyon pou matròn ak ajan sante	0.4	500,000	200,000	Tout komin nan	x	x	x	x
	Kapte sous	2	250,000	500,000	Lestè Dere, Rezèv	x	x	x	
	Pwoteje sous yo ak sansibilize moun yo	0.2	1,000,000	200,000	Tout seksyon an	x	x		
	Repare Sistèm dlo potab nan bouk la	1	4,000,000	4,000,000	Bouk ak Si`tèn Remi		x	x	
	Konstui latrin	700	7,500	5,250,000	Tout seksyon ak Bouk la	x	x	x	x
	Repare wout agrikòl	12	500,000	6,000,000	Tout komin nan	x	x	x	x
	Mete lanpadè nan lari	20	100,000	2,000,000	Tout komin nan	x	x	x	x
Total sektè sosyal				36,800,000					
Gouvènans lokal	Konstui konplèks pou mete biwo leta yo	1	11,000,000	11,000,000	Nan bouk la	x	x	x	x
	Fè fòmasyon pou eli lokal yo	1	100,000	100,000	Tout komin nan		x	x	
	Ranfòse komite lit kont dezas epi fè fòmasyon pou yo	1	500,000	500,000	Tout komin nan	x	x	x	x
Total gouvènans lokal				11,600,000					
Anviwonman	Sansibilizasyon sou kesyon anviwonman	1	350,000	350,000	Tout komin nan	x	x	x	x
	Mete pipinyè kanpe	1	4,000,000	4,000,000	Tout seksyon yo		x	x	
Total Anviwonman				4,350,000					
Total				82,187,000					

**LIS PWOGRAM AK PWOJÈ KI PI ENPÒTAN YO
KOMIN BÈDEYÈN**

Tablo 5.3 : Lis pwogram ak pwojè ki pi enpòtan yo

Deskripsyon Pwogram ak Pwojè yo	Ane 1	Ane 2	Ane 3	Ane 4	Ane 5	Total	No
Pwogram 1 : Ogmante pwodiksyon agrikòl nankomin Bèdeyèn							
Projè 1 : Konstui 2 sistèm irigasyon (Lestè Dere ak Rezèv)	6,000,000	6,000,000				12,000,000	
Aktivite 1 : Fè etid epi lanse apèl dòf pou rekrute antrepriz							
aktivite 2 : Fè travay konstriksyon yo							
Aktivite 3 : Mete kanpe epi fè fòmasyon pou komite irigan yo							
Pwojè 2 : Ranfòse sistèm irigasyon ki la deja nan Sitèn Remi	4,000,000					4,000,000	
Aktivite 1 : Fè etid epi lanse apèl dòf pou rekrute antrepriz							
Aktivite 2 : Konstui Kanal irigasyon							
Aktivite 3 : Mete kanpe epi fè fòmasyon pou komite irigan							
Pwojè 3: Mete kanpe 3 Boutik entran agrikòl (Rezèv, Lestè Dere ak Dodàn)	1,575,000	1,575,000	1,575,000			4,725,000	
Aktivite 1: Mete kanpe komite jesyon Boutik epi fè fòmasyon sou jesyon pou yo							
Aktivite 2: Lwe Lokal epi achte pwodui							
Pwojè 4: Akonpayman pwodiktè yo nan komin Bèdeyèn	1,350,000	1,350,000	1,350,000	1,350,000		5,400,000	
Aktivite 1: Rekritman teknisyen							
Aktivite 2: Rankont fòmasyon ak sansibilizasyon							
Aktivite 3: Suivi jaden yo							
Pwojè 5: Mete kanpe sistèm kredi pou plantè yo nan komin nan	5,000,000	5,000,000	5,000,000			15,000,000	
Aktivite 1: Lwe kay epi fè fòmasyon pou pèsònèl la							
Aktivite2: reyalize aktivite kredi yo							
Total Pwogram 1	17,925,000	13,925,000	7,925,000	1,350,000		41,125,000	
Pwogram 2 : Amelyore pwodiksyon bèt nan komin nan							

Pwojè 1: Vini ak ras amelyore epi bay apui pou manje bèt	4,125,000	1,050,000				5,175,000	
Aktivite 1: Achte ras amelyore epi fè kwazman yo							
Aktivite 2: Monte epi fè fòmasyon pou komite k ap jere bèt yo							
Aktivite 3 : Distribye varyete zèb ki pwodui plis epi fè suivi							
Pwojè 2 : Ranfòse sistèm swen pou bèt yo	1,100,000					1,100,000	
Aktivite 1 : Fè fòmasyon pou gwoupman sante bèt (GSB) ak elvè yo							
Aktivite 2 : Mete kanpe famasi veterinè nan GSB yo							
Aktivite 3: Mennen kanpay vaksinasyon pou bèt yo							
Pwojè 3 :Konstui abrevwa pou bèt yo		1,750,000				1,750,000	
Aktivite 1 : Rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2 : Sansibilize moun yo pou yo byen itilize abrevwa a							
Pwojè 4 : Apui pou elvaj volay		1,050,000				1,050,000	
Aktivite 1 : Achte epi distribye volay							
Aktivite 2 : Oganize lavant ze							
Aktivite 3 : Mennen kanpay vaksinasyon sou volay							
Total Pwogram 2	5,225,000	2,100,000				11,275,000	
Pwogram 3 : Ranfòse aktivite lapèch la							
Pwojè 1 : Bay apui ak aktivite lapèch nan komin Bèdeyèn	187,500	187,500				1,072,500	
Aktivite 1 : Mete kanpe boutik pou vann entran pou lapèch							
Aktivite 2 : Fè fòmasyon pou pechè yo							
Pwojè 2 : Mete kanpe yon chanb fwad pou konsève pwodui lanmè yo			300,000			300,000	
Aktivite 1 : Achte materyèl yo							
Aktivite 2 : Fè fòmasyon pou komite ki pral jere chanb fwad la							

Total pwogram 3	187,500	187,500	300,000			1,372,000	
Pwogram 4 : Komès ak transfòmasyon pwodui agrikòl yo							
Pwojè 1 : Konstriksyon mache kominal ak nan komin lan	4,400,000	2,200,000				6,600,000	
Aktivite 1 : Prepare dosye epi rekrite yon antrepriz							
Aktivite 2 : Ekzekite konstriksyon							
Pwojè 2 : Konstriksyon magazen kominotè		3,000,000				3,000,000	
Aktivite 1 : Prepare dosye ak rekrite antrepriz							
Aktivite 2 : Ekzekite konstriksyon an							
Pwojè 3 : Enstale moulen grenn nan seksyon kominal yo	750,000					750,000	
Aktivite 1 : Achte ekipman yo							
Aktivite 2 : Mete kanpe komite jesyon							
Pwojè 4 : Mete pwogram kredi pou ti machann		3,000,000	3,000,000	3,000,000		9,000,000	
Aktivite 1 : Lwe lokal							
Aktivite 2 : Fè fòmasyon pou komite jesyon an							
Total pwogram 4	5,150,000	8,200,000	3,000,000	3,000,000		19,350,000	
Pwogram 5 : Atizana ak Touris							
Pwojè 1 : Apiye devlopman atizana lokal				1,175,000	1,175,000	2,350,000	
Aktivite 1: Mete kanpe atelye ak komite jesyon							
Aktivite 2: Fè fòmasyon pou komite jesyon							
Pwojè 2 : Ankouraje pwodiksyon ak transfòmasyon banbou				1,175,000	1,175,000	2,350,000	
Aktivite 1 : Mete kanpe pepinyè banbou							
Aktivite 2: Distribye ti plan banbou							
Pwojè 3: Ranje plas pou touris	250,000	250,000	250,000	250,000		1,000,000	
Aktivite 1 : Mete kanpe komite pou jere aktivite touris yo							
Aktivite 2 : Ranje plas yo							
Total pwogram 5	250,000	250,000	250,000	2,600,000	2,350,000	5,700,000	
Pwogram 6 : Edikasyon							

Pwojè 1 : Konstriksyon lekòl nasyonal	8,500,000	17,000,000	8,500,000	17,000,000	8,500,000	59,500,000	
Aktivite 1 : Monte dosye apèl dòf pou rekrite yon antrepriz							
Aktivite 2 : Konstui lekòl yo							
Pwojè 2 : Reparasyon lekòl nasyonal	2,000,000					2,000,000	
Aktivite 1 : Monte dosye apèl dòf pou rekrite yon antrepriz							
Aktivite 2 : Konstui lekòl yo							
Pwojè 2 : Konstriksyon lise			11,000,000	11,000,000	11,000,000	33,000,000	
Aktivite 1 : Monte dosye apèl dòf pou rekrite yon antrepriz							
Aktivite 2 : Konstui lekòl yo							
Pwojè 3 : Konstui ak ekipe sant pou moun aprann metye			10,000,000	10,000,000	10,000,000	30,000,000	
Aktivite 1 : Monte dosye apèl dòf pou rekrite yon antrepriz							
Aktivite 2 : Konstui lekòl yo							
Aktivite 3 : Achte ekipman							
Pwojè 4 : Mete kanpe sant alfabetizasyon nan seksyon yo	200,000	200,000	200,000	200,000	200,000	1,000,000	
Aktivite 1: Rekrite ak fòm moun pou travay nan sant alfa yo							
Aktivite 2 : Fè enskripsyon moun yo							
Pwojè 5 : Fòm ak resikle pwofesè	1,000,000	1,000,000	1,000,000	1,000,000	1,000,000	5,000,000	
Aktivite 1 : Rekrite konsiltan pou fè fòmasyon							
Aktivite 2 : Oganize semèn a							
Pwojè 6 : Apui pou founiti ak materyèl eskolè	3,250,000	3,250,000	3,250,000	3,250,000		13,000,000	
Aktivite 1 : Achte materyèl yo							
Aktivite 2 : Distribye materyèl yo							
Total pwogram 6	14,950,000	21,450,000	33,950,000	42,450,000	30,700,000	143,500,000	
Pwogram 7 : Sante							
Pwojè 1 : Mete kanpe sant sante nan komin nan	3,500,000	3,500,000	3,500,000	3,500,000	3,500,000	17,500,000	
Aktivite 1 : Konstui sant sante							

Aktivite 2 : Achte ekipman pou sant yo							
Pwojè 2 : Apui ak pwogram sante kominotè	400,000	400,000	400,000	400,000	400,000	2,000,000	
Aktivite 1: Kanpay sou liyèn							
Aktivite 2: Pwogram fòmasyon pou matwòn ak ajan sante							
Total pwogram 7	3,900,000	3,900,000	3,900,000	3,900,000	3,900,000	19,500,000	
Pwogram 8 : Dlo potab ak asenisman							
Pwojè 1: Repare sistèm dlo potab bouk la		400,000	400,000	400,000		1,200,000	
Aktivite 1: Monte dosye epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2 : Ekzekite travay yo							
Pwojè 2 : Konstui sitèn famiyal	4,000,000	4,000,000	4,000,000	4,000,000	4,000,000	20,000,000	
Aktivite 1: Monte dosye epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2 : Ekzekite travay yo							
Pwojè 3 : Mete tiyo nan komin nan epi sansibilize moun yo	700,000	700,000	700,000	700,000	700,000	3,500,000	
Aktivite 1: Monte dosye epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2 : Ekzekite travay yo							
Aktivite 3 : mennen aktivite sansibilizasyon							
Pwojè 4 : Konstui latrin	5,250,000	5,250,000	5,250,000	5,250,000	5,250,000	26,250,000	
Aktivite 1: Monte dosye epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2 : Ekzekite travay yo							
Total pwogram 8	9,950,000	10,450,000	10,450,000	10,450,000	10,050,000	51,450,000	
Pwogram 9 : Enfrastrikti ekonomik							
Pwojè 1 : Konstui wout nan seksyon yo			500,000	500,000	500,000	1,500,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							
Pwojè 2: Repare wout	6,000,000	6,000,000	6,000,000	6,000,000	6,000,000	30,000,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							
Pwojè 3: Mete lanpadè	2,000,000	2,000,000	2,000,000	2,000,000	2,000,000	10,000,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							

Pwojè 4: Mete kanpe estasyon radyo				500,000		500,000	
Aktivite 1: Chache ak lwe lokal							
Aktivite 2: Enstale aparèy ak fè radyo a mache							
Total Pwogram 9	8,000,000	8,000,000	8,000,000	8,500,000	8,000,000	40,500,000	
Pwogram 10 : Espò ak lwazi							
Pwojè 1 : Konstui teren pou espò			500,000	500,000	500,000	1,500,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							
Pwojè 2 : Konstui plas piblik			1,500,000	1,500,000	1,500,000	4,500,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							
Pwojè 3 : Sant kiltirèl			1,500,000	1,500,000	1,500,000	4,500,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							
Aktivite 3 : Achte materyèl							
Total pwogram 10			3,500,000	3,500,000	3,500,000	10,500,000	
Pwogram 11 : Gouvènans							
Pwojè 1 : Konstui lokal pou biwo leta yo	11,000,000	11,000,000	11,000,000	11,000,000	11,000,000	55,000,000	
Aktivite 1: Fè etid epi rekrute yon antrepriz							
Aktivite 2: Ekzekite travay yo							
Aktivite 3 : Achte ekipman ak materyèl							
Pwojè 2: Bay apui teknik ak eli lokal yo	100,000	100,000	100,000	100,000	100,000	500,000	
Aktivite 1: Rekrute yon konsiltan							
Aktivite 2: Mennen aktivite fòmasyon							
Pwojè 3: Fòme komite lit kont dezaz	500,000	500,000	500,000	500,000	500,000	2,500,000	
Aktivite 1 : Rekrute yon konsiltan							
Aktivite 2 : Mennen aktivite fòmasyon							
Total pwogram 11	11,600,000	11,600,000	11,600,000	11,600,000	11,600,000	58,000,000	
Pwogram 12 : Anviwonman							
Pwojè 1: Ppwoteksyon ak estorasyon anviwonman	4,000,000	4,000,000	4,000,000	4,000,000	4,000,000	20,000,000	
Aktivite 1 : Pwodui epi plante ti pye pwa							
Aktivite 2 : Konstui misèk ak lòt estrikti							

Pwojè 2 : Sansibilize moun yo sou kesyon anviwonman	350,000	350,000	350,000	350,000	350,000	1,750,000	
Aktivite 1: Rekrute yon konsiltan							
Aktivite 2: Mennen aktivite sansibilizasyon yo							
Total pwogram 12	4,350,000	4,350,000	4,350,000	4,350,000	4,350,000	21,750,000	

Tablo 5.4 : Lajan pwogram yo ap koute

Rezime pwogram yo	Ane 1	Ane 2	Ane 3	Ane 4	Ane 5	Total
Total Pwogram 1 :	17,925,000	13,925,000	7,925,000	1,350,000		41,125,000
Total Pwogram 2 :	5,225,000	2,100,000				7,325,000
Total Pwogram 3 :	187,500	185,000	300,000			672,500
Total Pwogram 4 :	5,150,000	8,200,000	3,000,000	3,000,000		19,350,000
Total Pwogram 5 :	250,000	250,000	250,000	2,600,000	2,350,000	5,700,000
Total Pwogram 6 :	14,950,000	21,450,000	33,950,000	42,450,000	30,700,000	143,500,000
Total Pwogram 7 :	3,900,000	3,900,000	3,900,000	3,900,000	3,900,000	19,500,000
Total Pwogram 8 :	9,950,000	10,450,000	10,450,000	10,450,000	10,050,000	51,350,000
Total Pwogram 9 :	8,000,000	8,000,000	8,000,000	8,500,000	8,000,000	40,500,000
Total Pwogram 10 :			3,500,000	3,500,000	3,500,000	10,500,000
Total Pwogram 11 :	11,600,000	11,600,000	11,600,000	11,600,000	11,600,000	58,000,000
Total Pwogram 12 :	4,350,000	4,350,000	4,350,000	4,350,000	4,350,000	21,750,000
Lajan Total Pwogram yo ap koute	81,487,500	84,410,000	87,225,000	91,700,000	74,450,000	419,272,500
Swivi ak Evalyasyon (5%)	4,074,375	4,220,500	4,361,250	4,585,000	3,722,500	20,963,625
Lajan total Plan an ap Koute pa ane	85,561,875	88,630,500	91,586,250	96,285,000	78,172,500	440,236,125
Patisipasyon Kominotè (10%)	8,556,187.5	8,863,050	9,158,625	9,628,500	7,817,250	44,023,612.5
Finansman ki ta dwe jwenn	77,005,687.5	79,767,450	82,427,625	86,656,500	70,355,250	396,212,512.5

5.2. Kòman finansman Plan an ta dwe fèt

Chache lajan pou finance Plan-an chita anpil sou kapasite Eli lokal/KDK yo genyen pou fè demach pou rive jwenn lajan bò kote tout enstitisyon ki konn bay lajan pou reyalize aktivite devlopman. Jounen refleksyon ki te fèt nan seksyon Rezèv ak Estè Dere pou aktyalize Plan yo t ap ekzekite depi 5 lane montre otorite lokal yo pat gen ase kapasite ak eksperyans pou te fè demach pou te chache lajan pou te fè aktivite devlopman nan seksyon sa yo. Konsta sa pap diferan nan nivo komin lan tou. L ap mande pou yo ta gen bon ankadreman ak fòmasyon pou byen konprann wòl yo epi konnen kòman pou yo fè demach pou jwenn lajan oubyen pou yo fè maketing Plan-an bò kote tout aktè nan nivo lokal, depatman an, peyi-a epi nan entènasyonal. Konsa, plizyè sous finansman kapab kontribye pou rann ekzekisyon plan an posib, tankou:

- Resèt nan nivo komin nan : konnye-a pa gen resèt vre ki fèt nan komin an paske aktivite komès yo pap byen mache epi kapasite pwodiksyon moun yo fèb anpil. Yon lòt kote, pa genyen okenn estrikti nan Leta ki òganize vre pou resevwa lajan nan tout seksyon yo si popilasyon-an ap paye taks. Gen yon biwo DGI ki nan bouk Bèdeyèn, men ki pa gen kapasite vre pou ta ale ranmase taks andedan seksyon yo paske wout ki relye seksyon yo ak Bouk-la pa bon ditou. Kidonk, li difisil anpil pou moun deplase.
- Bidjè nasyonal la, apui Leta santral : nan 10 dènye ane ki sòt pase yo gen anpil jefò k ap fèt nan nivo pouvwa lejislatif-la (Palman-an) pou fòse pouvwa ekzekitif-la (gouvènman-an) mete lajan pou kolektivite tèritoryal yo (depatman, komin ak seksyon kominal yo) pou yo ka mennen aktivite devlopman lakay yo. Men, poko genyen tout bon vre yon antant ki jwenn, pafwa lajan konn planifye nan bidjè repiblik la; men, anpil fwa li pa debloke vre pou kolektivite yo. Bò kote pouvwa santral, se plis FAES ki prezan nan ankadre Eli lokal yo nan reyalize Plan devlopman, fè fòmasyon pou yo, konstui lekòl, elatriye. Kidonk, li enpòtan anpil pou Eli lokal/KDK yo kontinye chita pale ak depite komin nan ansanm ak Senatè Nòdwès yo pou prezante Plan-an epi fè yo konnen priyorite komin nan, pou yo menm kapab mete yo nan bidjè peyi-a.
- Kontribisyon ONG, OKB, pwojè devlopman, elatriye : eksperyans ki fèt nan ansyen Plan devlopman seksyon yo montre gen anpil jefò ki fèt bò kote kèk ONG kap travay nan komin nan sitou AAA ki mennen plizyè aksyon pou ankadre plantè yo. Genyen tou kèk OKB gras ak pwojè PRODEP-la, ki se yon pwogram Leta ayisyen (PL480) ki finance pa BID, ki rive reyalize yon dizèn ti pwojè nan komin lan. Nan ekzekisyon nouvo Plan sa, li enpòtan pou sèvi ak eksperyans sa yo pou gade ak ONG epi lòt òganizasyon k ap travay nan komin pou konnen kijan yo kapab pote bourad pa yo pou reyalize kèk aksyon ki nan Plan-an.
- Patisipasyon kominotè : patisipasyon popilasyon nan ekzekisyon Plan-an se youn nan premye pa enpòtan pou aktivite pwojè yo byen reyalize. Genyen anviwon 10 pousan lajan Plan an ki ta dwe soti nan bò kote moun ki rete nan komin-an sou fòm patisipasyon yo gen pou bay lè pwojè yo ap fèt. Otorite yo dwe sansibilize moun sou sa, pou fè byen konprann enpòtans yo genyen nan ekzekisyon Plan-an. Patisipasyon sa se pa lajan likid moun yo ap bay, men pito kòman y ap mete men nan sa k ap fèt yo oubyen kòman y ap pote resous ki genyen nan zòn kote y ap viv ki ka antre nan aksyon k ap fèt yo. Pa ekzanp, si yon lekòl ap konstui yo kapab patisipe nan bay wòch, sab, dlo pou bat mòtye, elatriye.

Pati 6 :
ESTRIKTI KAP PATISIPE NAN
EKZEKISYON PLAN-AN

6. Enstitisyon k ap pèmet Plan-an ekzite

Plan Devlopman komin Bèdeyèn se yon dokiman chèmèt chèmètès komin nan, sa vle di tou dirijan yo (Eli lokal) ta dwe fè anpil jefò pou mete dokiman sa-a devan nan tout travay devlopman ka p fèt nan komin nan. Epi tou, se dirijan yo ki ta dwe fè travay sa pou ekri dokiman sa, men kòm yo pa gen mwayen pou yo ta fèl, FAES ba yo yon bourad pou reyalize travay sa. Kidonk, pou kesyon ekzekisyon Plan-an se Konsèy kominal/KDK ansanm ak KASEK / ASEK / KDSK ki dwe devan pou jwe premye wòl yo epi konsa tout lòt fòs nan komin nan tankou ONG, òganizasyon kominotè yo ap pote kole. Se pou sa li enpòtan anpil apre yon gwo travay konsa fin fèt pou konnen epi fikse responsablite yo. Nan sans sa-a, nou ka apiye sou lalwa pou bay kèk direksyon.

6.1. Kisa lalwa di sou kesyon ekzekisyon Plan-an?

Manman lwa peyi a ki se Konstitisyon 29 mas 1987 la bay yon gwo bourad ak zafè desantralizasyon-an, se konsa li rekonèt dwa grandèt majè komin ak seksyon kominal yo kòm teritwa nan peyi-a ki ka dirije tèt yo. Se konsa gen plizyè atik nan Konstitisyonan ki pale pou Leta Santral la transfere konpetans bay kolektivite yo pou ba yo plis otonomi. Li mete sou kote tout pratik ansyen ki te plase pouvwa santral la kòm sèl mèt nan kesyon devlopman ekonomi ak sosyal peyia. Li bay kolektivite yo anpil garanti nan fè Leta anpil gran obligasyon (Atik 23, 32.7, 64, 245, 246). Konstitisyon 1987 la plase Leta kòm prensipal aktè nan jefò kap fèt pou desantralize peyi-a.

Gran lide sa yo Konstitisyon an bay te pouse Leta fè lwa pou te ka rann pi klè kesyon desantralizasyon an. Se konsa, gen yon lwa ki soti 2 jen 2006 sou zafè desantralizasyon an, lwa sa ya bay anpil detay sou kijan kolektivite yo dwe òganize epi fonksyone. Nan atik 4 li, Lwa sa di desantralizasyon dwe mache ak dekonsantrasyon sèvis Leta yo, sa vle di sèvis sa yo dwe bay toupatou nan peyi a, se pa sèlman Pòtoprens, pou ka ranfòse kapasite kolektivite yo nan aksyon yo gen pou fè. Sipò sèvis pouvwa santral la gen pou bay kolektivite yo gen objektif:

- Ede ekri epi ekzekite Plan Devlopman, se travay sa a FAES ap fè nan anpil seksyon ak komin nan peyi-a ;
- Enfòme aktè lokal sou règ lalwa ki dwe aplike epi mwayen teknik ak finans ki genyen;
- Fasilite yon bon amoni ant diferan Plan ki genyen yo ak Plan nasyonal Devlopman Ekonomik ak sosyal la;
- Pèmèt gen done ki ranmase epi konsève pou itilize nan planifikasyon;
- Bay enfòmasyon ak administrasyon santral la sou priyorite kolektivite yo bay tèt yo pou yo ka mete yo nan bidjè nasyonal la.

6.2. Enstitisyon kap patisipe nan ekzekisyon Plan-an

Gen anpil aktè nan komin Bèdèyèn ki ta dwe patisipe nan reyalize pwogram ak pwojè ki nan Plan-an. Men, li enpòtan anpil pou gen yon estrikti ki byen klè pou pèmèt tout moun jwe wòl yo kòmsadwa, se youn nan premye pa ki pou fè travay ki prevwa yo reyisi epi mennen komin nan sou chimen devlopman. Gen plizyè aktè kap jwe yon wòl nan estrikti ki mete anplas pou ekzekite Planan. Nap pale plis sou aktè lalwa deja di ki wòl yo dwe jwe nan ekzekisyon Plan an, tankou Konsèy Administrasyon Komin nan, Asanble Minisipal la, Konsèy Teknik. Ann gade yo youn apre lòt pou plis detay:

- **Konsèy Devlopman Komin nan (KDK)** : Konsèy sa gen nan tèt Premye Majistra komin nan. Daprè lalwa, se estrikti sa ki gen wòl pou ekzekite travay kap fèt nan yon komin, sa vle di se li ki dwe ekzekite Plan komin nan. Menm si se Konsèy Kominal la kap reyalize aktivite yo, li gen pou li respekte wòl lòt aktè yo tou tankou Asanble Minisipal la ki gen mo pal pou li di nan kontwole sa kap fèt yo. Pou Plan an pi byen ekzekite, Asanble Minisipal ladwe itilize estrikti Konsèy Teknik la pou ede li prepare chak ane yon lòt ti Plan (Plan anyèl) ki soti anndan Plan-an, sof pou premye ane ki deja fèt. Apresa, li dwe voye ti Plan sa bay Asanble Minisipalla pou l bay dizonl sou li. Menm jan tou pou pwojè ki dwe devlope yo, avan pwojè sa yo kòmanse Konsèy Kominal la dwe pataje yo ak Asanble Kominal la. Konsèy Administrasyon Komin nan gen yon lòt gwo wòl pou li chache lajan pou pèmèt aktivite yo nan Plan-an reyalize tout bon vre. Li dwe chache mete kanpe yon ekip ki pou pèmèt chèche lajan toupatou.
- **Asanble Kominal la** : Se yon estrikti ki gen yon wòl enpòtan pou li jwe, menm si se pa li direktman kap ekzekite Plan an. Daprè lalwa li gen pou li bay dizon li sou travay Konsèy Kominala ap fè nan reyalize aktivite yo. Pa ekzanp, Asanble Kominal la gen pou li ta gade jan Pwojè ki nan Plan ap reyalize epi ekri rapò tanzantan pou di jan sa ap mache - kisa ki dwe kontinye menm jan epi kisa ki dwe chanje. Li gen tou pou bay dizon l sou rapò ak Plan chak ane Konsèy Kominal la prepare sou aktivite ki fèt ak lajan ki depanse yo. Kidonk, Asanble Kominal la pa gen yon wòl pou ekzekite, men li gen pou li fòme je gade byen fon nan sa kap fèt epi prepare rapò tanzantan pou li pran pozisyon pou di kòman sa ap mache. Si pratik demokratik sa yo aplike sa ap pèmèt Plan-an ekzekite pi byen.
- **Konsèy Teknik Komin nan**: Konsèy Kominal la gen dwa pou l mande Leta santral la moun ki gen konesans nan plizyè domèn pou ba l asistans teknik. Konsèy teknik la ap akonpaye Konsèy Kominal nan fè plan, monte pwojè ak fè swivi ekzekisyon pwojè yo.

Pati 7 :
SWIVI AK EVALYASYON PLAN-AN

7. Swivi ak Evalyasyon Plan Devlopman-an

7.1. Enpòtan swivi ak evalyasyon Plan-an

Pati sa nan dokiman ap prezante yon zouti k ap pèmèt Konsèy kominal la ak tout lòt aktè k ap travay nan ekzekisyon Plan an kapab gade nenpòt kilè, travay ki reyalize yo epi sa ki poko fèt yo. Enfòmasyon ka pranmase yo ap pèmèt planifikasyon pi byen fèt sou yon lane pandan aktivite yo reyalize. Kidonk, objektif la se siveye tout tan kòman ekzekisyon pwogram ak pwojè ki nan Plan-an ap fèt epi mezire jan y ap mache. Li pèmèt pou wè si tout sak te planifye yo ap reyalize jan sa te prevwa oubyen si gen chanjman ki fèt.

Yon lòt kote, swivi ak evalyasyon-an ède konprann tou kijan resous ki genyen yo kapab pi byen itilize. Zouti swivi ak evalyasyon an ap bay enfòmasyon tou pou pote koreksyon ki nesèsè nan apwòch oubyen estrateji ki te itilize nan ekzekite Plan-an. Eksperyans sa yo dwe pèmèt gen chwa ki fèt sou lòt fason pou jwenn pi bon rezilta. Li bay enfòmasyon tou pou fè yon bon planifikasyon, mete sou pye lòt pwogram ak pwojè.

Swivi ak evalyasyon-an mache kole ak responsabilite moun ki anchaj yo pou yo rann kont, sa vle di bay rapò ak tout eksplikasyon nesèsè sou kijan resous yo itilize. Rapò sa yo dwe bay ak popilasyon komin nan ki benefisye aktivite yo, Pouvwa santral la epi tout lòt enstitisyon ki te bay resous yo. Kidonk, swivi ak evalyasyon enpòtan se yon etap enpòtan nan ekzekisyon Plan-an, se pou sa genyen 5 pousan bidjè-a ki planifye pou reyalize aktivite ki dwe fèt ladan l yo.

7.2. Kad swivi ak evalyasyon Plan-an

Nan pati sa-a, dokiman-an bay yon rezime sou tout objektif Plan-an ki te soti apre analiz pwoblèm yo te fin fèt. Ladanl genyen objektif jeneral patisipan yo te defini, objektif sektè yo, objektif espesifik yo ak yon ansanm enfòmasyon kap endike kisa ki pou mezire tanzantan pandan Plan-an ap ekzekite. Mezi sa yo rele endikatè, kap di si objektif ki te fikse yo reyalize vrèman. An menm tan, gen enfòmasyon ki mete tou pou di kijan yo pral verifiye si sa ki te pwograme fèt vre. Lòt eleman li gade, se kisa ki ka anpeche sa k pwograme pou fèt yo pa fèt; sa k idantifye yo nou ka pran kèk dispozisyon pou wè si nou ka fè bagay sa pa rive oswa fè li bay mwens pwoblèm.

Kidonk, kad lojik la se yon plan ki montre kijan swivi ak evalyasyon-an ap fèt, konsa li di:

- Kisa ki dwe swiv epi evalye, sa vle di plizyè nivo objektif Plan Devlopman-an;
- Ki metòd kap itilize pou swivi ak evalyasyon-an fèt kòm sa dwa;
- Ki resous ki nesèsè pou reyalize travay sa-a.

Tablo 7.1 : Kad Logik Plan Devlopman-an

	Rezime Objektif yo	Sa kap pèmèt nou wè objektif yo reyalize	Kijan nap verifye sa	Sipozisyon pou sa fèt
Objektif jeneral :	Rive amelyore kondisyon lavi 4800 fanmiy k ap viv nan komin Bèdeyèn nan ekzekite plizyè pwojè ekonomik ak sosyal nan 4 sekyon yo ak nan bouk la	• % popilasyon-an ki gen revni yo ogmante • % popilasyon-an ki jwenn sèvis nan men otorite lokal • % enstitisyon Leta kap fonksyone kòmsadwa	• Ankèt • Obsèvasyon • Etid ki fèt sou komin nan	
Objektif Sektèekonomik	Devlope aktivite pwodiksyon yo ak touris lokal epi fasilite transfòmasyon ak lavant pwodui yo pou pèmèt moun yo rantre plis lajan nan komin nan	• % ogmantasyon pwodiksyon lokal la	• Ankèt • Obsèvasyon	• Gen lajan ki jwenn pou fè aktivite yo
Objektif Sektè sosyal	Pèmèt popilasyon nan komin Bèdeyèn nan gen aksè ak tout sèvis k ap pèmèt yo viv tankou moun	• % popilasyon ki jwenn sèvis debaz yo	• Ankèt • Rapò aktivite ministè yo	• Pa gen gwo pwoblèm sosyal ak politik nan peyi-a
Objektif Sektè Gouvènans	Pèmèt moun yo jwenn bon jan sèvis nan men leta santral ak lokal	• % estrikti Leta ki mete anplas epi kap fonksyone kòmsadwa	• Rapò aktivite sektè yo • Obsèvasyon	• Pa gen latwoubay politik
Objektif sektè anviwonman	Refè eskap figi anviwonman an epi pwoteje resous natirèl yo	• % diminisyon nan degradasyon resous natirèl tankou sòl, dlo ak pyebwa	• Rapò apre siklòn • Obsèvasyon	• Pa gen gwo katastwòf natirèl ki vin kraze tout sa k te genyen
Objektif espesifik 1.1.	Ogmante rannman jaden yo ak pwodiksyon agrikòl la	• % nivo ogmantasyon rannman kilti yo	• Ankèt • Etid mache	• Gen lajan ki jwenn pou konstui sistèm irigasyon
Objektif espesifik 1.2.	Fasilite komès pwodui yo	• Kantite nouvo mache ki kreye	• Obsèvasyon	• Pa gen latwoubay politik
Objektif espesifik 1.3.	Transfòme, anbale, konsève ak vann pwodui yo	• % pwodui ki transfòme apre yo fin rekòlte yo	• Ankèt • Obsèvasyon	• Kalite pwodui yo jwenn apresyasyon konsomatè yo
Objektif espesifik 1.4.	Fasilite moun yo jwenn kredi	• % Ti machann ki vin jwenn kredi ki bon pou yo	• Ankèt	• Moun ki prete yo

	Rezime Objektif yo	Sa kap pèmèt nou wè objektif yo reyalize	Kijan nap verifye sa	Sipozisyon pou sa fèt
			• Rapò etid	ranbouse nan lè pou yo fè sa
Objektif espesifik 1.5.	Ranfòse elvaj kabrit ak volay nan komin nan	• % fanmiy ki vin gen plis kabrit ak volay	• Ankèt • Etid	• Gen manje bèt pou bay ras amelyore yo
Objektif espesifik 1.6.	Bay aktivite lapèch la jarèt	• Kantite pwason ki rive vant nan gro vil yo ak rezo ki mete anplas	• Etid • Obsèvasyon	• Mwayen pou konsève pwodui la pèch yo byen fonksyone
Objektif espesifik 1.7.	Kore aktivite atizana a	• Kantite atelye ki mete sou pye epi k ap pwodui atizana	• Ankèt	• Aktivite pèch la pran pye epi gen touris ki vizite zòn nan
Objektif espesifik 1.8.	Devlope aktivite pou touris	• # espas (andwa) ki amanje pou atire touris • # envestisè ki mete lajan yo nan sektè touris la	• Obsèvasyon • Ankèt	• Piblisite fèt pou aktivite touris nan zòn nan
Objektif espesifik 2.1	Ranfòse sistèm edikasyon an nan komin nan	• % Tifi ak Tigason ki laj pou ale lekòl ki ale • # jèn ki gen yon kote pou yal aprann yon metye • % reysit nan ekzamen Leta (6e ak 9e ane)	• Rezilta ekzamen leta yo	
Objektif espesifik 2.2	Alfabetize moun yo nan komin nan	• Kantite gran moun ki aprann li ak ekri	• Rapò sant alfa yo	
Objektif espesifik 2.3	Amelyore kondisyon sante moun yo	• % popilasyon-an ki ka rive nan yon sant sante avan inèdtan epi jwenn bon sèvis • # ajan sante ak matwòn ki fòme epi sètifye	• Analiz rapò lopital yo	• Pa gen nouvo epidemi ki vin konplike sitiyaasyon an
Objektif espesifik 2.4	Fasilite moun yo jwenn dlo pou sèvi	• % popilasyon-an ki jwenn dlo potab mwens ke 30 minit ak lakay yo	• Obsèvasyon • Ankèt	• Gen lajan ki jwenn pou konstui enfrastrikti
Objektif	Rann lantouraj sous yo pi sen	• % fanmiy ki itilize latrin pou	• Rapò aktivite	• Moun ki byen konprann

	Rezime Objektif yo	Sa kap pèmèt nou wè objektif yo reyalize	Kijan nap verifye sa	Sipozisyon pou sa fèt
espesifik 2.5.		yo sèvi		enpòtans latrin
Objektif espesifik 2.6.	Ranfòse mwayen kominikasyon yo ak enèji nan komin nan	• # kilomèt wout ki repare oubyen konstui • % fanmiy ki gen signal telefòn lakay yo • % fanmiy ki gen kouran pou klere lakay yo	• Envanètè	• Gen lajan ki jwenn pou konstui enfrastrikti
Objektif espesifik 2.7.	Pèmèt popilasyon an gen mwayen pou detann li	• % popilasyon-an ki gen kote pou yo fè espò epi pou pran lwazi nan lokalite yo	• Envanètè	• Gen lajan ki jwenn pou konstui enfrastrikti
Objektif espesifik 3.1.	Bay sistèm gouvènans lokal la plis fòs	• % viktim ki jwenn jistis ak sekirite	• Rapò polis ak tribinal yo	• Pouvwa Santral la bay apui li
Objektif espesifik 3.2	Popilasyon jwenn plis sèvis nan men leta santral la ak leta lokal yo	• % fanmiy ki jwenn sèvis nan men Eli lokal yo	• Rapò aktivite biwo leta yo	• Gen volonte politik bò kote pouvwa santral la
Objektif espesifik 3.3.	Ranfòse sistèm pwoteksyon sivil la nan komin nan	• % popilasyon an ki gen yon kote pou al abrite yo lè katastwòf rive	• Rapò komite pwoteksyon sivil yo	• Gen dispozisyon ki pran pou moun yo konprann epi swiv konsiy yo nan moman katastrof yo
Objektif espesifik 4.1.	Fè sansibilizasyon sou pwoteksyon anviwonman an	• % popilasyon an ki sansibilize sou zafè pwoteksyon resous natirèl	• Rapò aktivite sansibilizasyon yo	
Objektif espesifik 4.2.	Frennen degradasyon anviwonman an	• Kantite ravin enpòtan ki pwoteje (misèk, ranp, plante bwa, elatriye) • Kantite sous ki pwoteje (tèt sous bare, konsèvasyon sòl epi pyebwa plante)	• Rapò apre katastròf	

Tablo 7.2. SistèmSwivi ak Evalyasyon endikatè Plan Devlopman-an

	Sa kap pèmèt nou wè objektif yo reyalize (Endikatè yo)	Sak te la deja	Ane 1		Ane 2		Ane 3		Ane 4		Ane 5	
			# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre
Objektif jeneral	• % popilasyon-an ki gen revni yo ogmante				5%		10%		20%		30%	
	• % popilasyon-an ki jwenn sèvis nan men otorite lokal				20%		30%		40%		60%	
	• % enstitisyon Leta kap fonksyone kòmsadwa	5%	5%		10%		30%		40%		50%	
Objektif Sektè ekonomi	• % ogmantasyon pwodiksyon lokal la		10%		15%		20%		25%		30%	
Objektif sektè sèvis	• % popilasyon ki jwenn sèvis debaz yo	5%	5%		10%		15%		20%		30%	
Objektif sektè Gouvènans	• % estrikti Leta ki mete anplas epi kap fonksyone kòmsadwa				10%		15%		20%		25%	
Objektif sektè anviwònman	• % diminisyon nan degradasyon resous natirèl tankou sòl, dlo ak pyebwa				5%		10%		15%		20%	
Objektif espesifik 1.1	• % nivo ogmantasyon rannman kilti yo		5%		10%		15%		20%		25%	
Objektif espesifik 1.2	• Kantite nouvo mache ki kreye	1	1		1		5%		10%		15%	
Objektif espesifik 1.3	• % pwodui ki transfòme apre yo fin rekolte yo	5%	5%		10%		15%		20%		25%	
Objektif espesifik 1.4	• % Ti machann ki vin jwenn kredi ki bon pou yo		10%		15%		20%		30%		40%	
Objektif espesifik 1.5	• % fanmiy ki vin gen plis kabrit ak volay		5%		10%		15%		20%		25%	
Objektif espesifik 1.6	• % nan kantite pwason ki kenbe ki rive vant nan gro vil yo ak rezo ki mete anplas	-	5%		20%		30%		30%		50%	
Objektif espesifik 1.7	• Kantite atelye ki mete sou pye epi k ap pwodui atizana	0	0		1		1		2		2	
Objektif espesifik 1.8	• # espas (andwa) ki amanaje pou atire touris	0	3		3		5		6		6	
	• # envestisè ki mete lajan yo nan sektè touris la	0	0		5		10		10		10	

	Sa kap pèmèt nou wè objektif yo reyalize (Endikatè yo)	Sak te la deja	Ane 1		Ane 2		Ane 3		Ane 4		Ane 5	
			# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre	# ki ta dwe fèt	Sak fèt vre
Objektif espesifik 2.1	• % Tifi ak Tigason ki laj pou ale lekòl ki ale	35%	35%		40%		50%		80%		80%	
	• # jèn ki gen yon kote pou yal aprann yon metye	0	0		0		0		100		200	
	• % reyisit nan ekzamen Leta (6e ak 9e ane)	50%	50%		60%		65%		70%		80%	
Objektif espesifik 2.2	• Kantite ti machann ki aprann li ak ekri nan pwogram k ap mete sou pye	0	0		100		200		300		500	
Objektif espesifik 2.3	• % popilasyon-an ki ka rive nan yon sant sante avan inèdtan epi jwenn bon sèvis	10%			50%		50%		50%		50%	
	• # ajan sante ak matwòn ki fòme epi sètifye	15	25		35		45		55		65	
Objektif espesifik 2.4	• % popilasyon-an ki jwenn dlo potab mwens ke 30 minit ak lakay yo	15%	15%		30%		40%		50%		70%	
Objektif espesifik 2.5	• % fanmiy ki itilize latrin pou yo sèvi	25%	25%		30%		35%		45%		60%	
Objektif espesifik 2.6	• # kilomèt wout ki repare oubyen konstui	0	10		20		30		50		75	
	• % fanmiy ki gen signal telefòn lakay yo	60%	100%		100%		100%		100%		100%	
	• % fanmiy ki gen kouran pou klere lakay yo	0%	0%		10%		20%		30%		40%	
Objektif espesifik 2.7	• % popilasyon-an ki gen kote pou yo fè espò epi pou pran lwazi nan lokalite yo	0%	10%		30%		35%		35%		35%	
Objektif espesifik 3.1	• % viktim ki jwenn jistis ak sekirite	0%	10%		20%		30%		40%		50%	
Objektif espesifik 3.2	• % fanmiy ki jwenn sèvis nan men Eli lokal yo	5%	10%		30%		40%		50%		50%	
Objektif espesifik 3.3	• % popilasyon an ki gen yon kote pou al abrite yo lè katastwòf rive	0%	0%		20%		30%		40%		50%	
Objektif espesifik 4.1	• % popilasyon an ki sansibilize sou zafè pwoteksyon resous natirèl		20%		25%		30%		50%		70%	
Objektif espesifik 4.2	• Kantite ravin enpòtan ki pwoteje (misèk, ranp, plante bwa, elatriye)	1	5		15		25		40		80	
	• Kantite tèl sous ki pwoteje (bare, konsèvasyon sòl epi pyebwa plante)	0	5		10		15		15		15	

Konklizyon

Plan sa fèt pou senk (5) lane k ap vini yo pou Komin Bèdeyèn ki chita nan depatman Nodwès peyi Dayiti. Se gras ak finansman FAES/ FIDA ak kout men teknik Ayiti Gouvènans li te rive mete sou pye. Nan 5 lane ki sot pase yo, te gen 4 Plan ki te fèt pou seksyon komin nan ; kidonk, se te sèlman pou bouk la ki pat gen aktivite ki te pwograme. Malerèzman Plan sa yo pat rive ekzekite komsadwa paske Eli lokal yo ki gen responsablite pou chache lajan pou te kapab fè pwojè ki nan Plan sa yo te chita ap tann FAES yo panse ki t ap pote lajan ba yo pou fè aktivite sa yo. Yo pat byen konprann objektif pwogram PAIP la ki la pou pote yon bourad ba yo pou yo ka demare. KDK / Eli kominal ak nan seksyon yo dwe konprann FAES ap akonpaye yo nan fòmasyon, nan mete zouti planifikasyon kanpe, men se yo menm ki gen responsablite kòm otorite lokal pou al chache lajan nan men enstitisyon ki konn bay lajan pou fè aktivite devlopman.

Plan an prevwa pou mete komin Bèdeyèn sou chimen devlopman nan pote solisyon ak divès kalte pwoblèm popilasyon idantifye. Konsa, gen solisyon ki pwopoze pou kolte ak pwoblèm ki genyen nan pwodiksyon, pase nan zafè sèvis sosyal yo ak gouvènans lokal pou rive nan pwoblèm anviwònman yo. Pou pote solisyon sa yo gen yon bidjè plis pase 400 milyon goud ki ta dwe depanse ; ladan l gen apeprè 90 pousan ki ta dwe soti deyò komin lan, sa vle di se pa lajan y ap jwenn andedan komin lan. Kidonk, se yon gwo defi pou KDK /Eli lokal yo pou yo rive jwe wòl yo komsadwa pou lajan kapab antre nan komin nan.

Pwogram PAIP ap toujou kontinye akonpaye Eli lokal yo nan 2 lane k ap vini yo nan ba yo bon jan fòmasyon pou yo kapab fè marketing Plan an ; sa vle di rive vann li, fè anpil moun k ap travay nan devlopman konnen Plan sa ekziste epi enfòme tou sou priyorite ki genyen ladan l yo. Pou sa rive fèt, fòk chak aktè yo jwe wòl yo. Manb KDK / Eli lokal dwe chache sensibilize tout aktè ki gen yon wòl pou jwe pou yo kapab enplike tout bon vre. Pa ekzanp, tankou manman Lwa peyi-a mande sa, Leta santral gen yon wòl enpòtan pou l jwe nan delege pouvwa ak konpetans bay kolektivite yo pou yo kapab jwenn mwayen pou aplike politik yo. Men, otorite lokal yo genyen pou fè presyon pou Leta santral respekte règ jwèt demokrasi-a ki trase nan konstitisyon an. Eli lokal yo dwe rekonèt tou Leta santral sèlman pa p janm kapab ba yo tout lajan yo bezwen an pou reyalize 12 pwogram Plan genyen ladan l, men yo dwe pale ak lòt aktè nan sektè prive tankou nan entènasyonal la pou gade si yo kapab jwenn lòt mwayen lajan pou vance.

Anplis, Eli lokal gen yon gwo travay kòdinasyon yo ta dwe fè nan komin lan pou kapab chita ak tout aktè k ap travay nan zafè devlopman, pou resous yo genyen yo ta kapab itilize pi byen. Chak aktè te kapab deside nan ki sektè y ap travay, konsa chak ane Eli lokal yo ta kapab genyen yon Plan ki pi byen planifye kote tout aktè ap patisipe epi mete andedan li aktivite yo gen pou fè, san pa gen plizyè moun k ap fè menm bagay la an menm tan.

Liv ak Rapò ki te konsilte pou fè Travay la

1. Communications Plus, 1996. Dictionnaire des communes, quartiers et sections communales de la République d’Haïti
2. Decret 2006. Décret sur l’organisation et le fonctionnement et fonctionnement des Sections Communales
3. FAES, 2005. Diagnostic participatif exploratoire – section communale Réserve, Baie de Henne
4. FAES, 2005. Plan de Développement section communale Réserve, Baie de Henne
5. FAES, 2008. Méthodologie de planification participative du FAES
6. IHSI, 2005. Envanètè Resous Natirèl ak Potansyalite
7. IHSI, 2009. Estimation de la population totale selon le sexe et population de 18 ans et plus
8. Konstitisyon Ayiti 1987
9. MARNDR, 2010. Plan d’investissement agricole 2010-2016
10. MARNDR, 2010. Politique agricole du Ministère de l’agriculture, des Ressources Naturelles et du Développement Rural 2010-2025

Anèks 1 : Lis Patisipan nan Atelye yo